ЩэкIуэгъуэм и 4-р ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№132 (24.882) • 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 1, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# ЩIыналъэхэм зегъэужьыным теухуауэ



**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и президиумым (штабым) и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ЗэIущIэм щыхэплъащ республикэм и социально-экономикэ унэтIыныгъэхэм, инфраструктурэм пыщIа проектхэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм.**

ЗЭХУЭСЫМ щызэпкърахащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ», «ПсэупIэмрэ къалэ щытыкIэмрэ» лъэпкъ проектхэр, апхуэдэуи коммунальнэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным теухуа программэр гъэзэщIа зэрыхъур.

«Дызэрыт илъэсым республикэм щатащ ухуэныгъэщIэ зыбжанэ - еджапIэхэр, амбулаторэхэр. «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ зыхуэгъэхьэзырын щIадзащ Гундэлэн, Старэ Шэрэдж, Бахъсэн жылэхэм сабий садхэр щыухуэным. Ахэр ятын хуейщ 2027 гъэм и кIэм. Лыш узыфэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерым и ухуэныгъэми пыдощэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм теухуауэ. - Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм мы зэманым щолэжь ухуэныгъэиблым, мэкъумэшымкIэ - Бахъсэненкэ къуажэм социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ IуэхущIапIэхэр щаухуэ, щыIэхэр щызэрагъэпэщыж, «Къарэ-Суу - Бабугент - Къэщкъэтау» псы кIуапIэм бжьамийхэр далъхьэ, Псыхъурей, Псынэдахэ, Аушыджэр къуажэхэр зэIузэпэщ ящI. Егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм епха IуэхущIапIэхэри къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж.

Къалэр тыншыпIэхэмкIэ къызэгъэпэща хъуным хуэгъэпса щIыналъэ проектым хыхьэу зэIузэпэщ ящIащ жылагъуэ зэхуэсыпIэрэ пщIантIэу 40. Ятащ щIыналъэ гъуэгу 14, абыхэм ящыщу щыр - километр 20,5-рэ хъур - УФ-м и гъуэгу нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Мы илъэсым къриубыдэу щIыналъэ гъуэгуу зэрагъэпэщыжащ километр 47-рэ хуэдиз, апхуэдэуи лъэс зэпрыкIыпIэу 42-рэ зыхуей хуагъэзащ, автопавильону 70-м щIигъу ягъэуващ.

«ПсэупIэ» щIыналъэ проектым ипкъ иткIэ щIышылэ - фокIадэ мазэхэм къриубыдэу ухуэныгъэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ цIыхухэмрэ ящIащ метр зэбгъузэнатIэ мин 460-рэ хъу унэхэр, ар проценти 101,3-кIэ хуокIуэ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу яхузэфIэкIам».

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми IэмалыщIэхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е пэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ ибогхэри, уасэр абдежым щыбот. ДыфщогугъадыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

# Лъэщагъым и дамыгъэ

**2005 гъэм щегъэжьауэ щэкIуэгъуэм и 4-м Урысейм щагъэлъапIэ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр. Ар къытехъукIащ 1612 гъэм Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ я пашэу Москва хуит къызэращIыжауэ щытам. Польшэр Урысейм къыщытеуэм, Урысейм и цIыхубэр къызэрыIэтащ, нэгъуэщI къэралым и унафэм щIэувэну хуэмейуэ. 1611 гъэм фокIадэм Новгород Ищхьэрэм щыщ земскэ старостэ (иджы куей унафэщIым и къулыкъум хуэдэ) Минин Кузьма цIыхубэм захуигъэзат зауэлI зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщыну.**

КЪАЛЭДЭСХЭМ зэгухьэныгъэ Iуэхум халъхьэу щIадзащ я лэжьапщIэм и Iыхьэ щанэр. Езы Мининым щапхъэ игъэлъагъуэу а Iуэхум хилъхьащ и мылъкум и нэхъыбэр. Дзэ пашэу хахащ илъэс 30-м ит пщы Пожарский Дмитрий. Къалэдэсхэм Пожарскэм и дэIэпыкъуэгъуу хахащ Мининыр. Дзэзешэу абыхэм ягъусащ Черкасскэ Дмитрий (Къанщауэ). Черкасскэр урыс полкхэм я пашэу хэтащ Углич, Вязьмэ, Дорогобуж, нэгъуэщI къалэхэри хуит къэзыщIыжахэм. 1618 гъэм Черкасский Къанщауэ хэлIыфIыхьащ Можайск деж щекIуэкIа зэхэуэми. 1613 гъэм пащтыхь щытрагъэувэм, абы Iэ иIэтауэ щытащ илъэс 16 зи ныбжь Романов Михаил и телъхьэу. Михаил и тетыгъуэми, и къуэ Алексей и пащтыхьыгъуэми, Черкасский Къанщауэ къулыкъушхуэхэр иIыгъащ, ар щытащ, Къэзан, Сыбыр Приказхэм я унафэщIу, пащтыхьым и лIыкIуэу щыIащ Повольжьем, Тэн, Кавказ Ищхъэрэм, Сыбырым.

УрысыщIыр хамэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэгъэкIыжыным хэтащ къызыхэкIакIи я псэукIэкIи зэщхьэщыкI цIыху куэд. 1612 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м Новгород Ищхьэрэ цIыхубэ дзэ зэгухьэныгъэм Китай-къалэр къащтэри, полякхэр Москва дахужащ. КъызыхэкIа лIакъуэ, зэрахьэ дин, я IэнатIэ емылъытауэ цIыхухэр зэкъуэувэу къагъэлъэгъуа лIыгъэ-хахуагъэр тхыдэм щапхъэ дахэу хэуващ. Бийр къэралым зэрырахужам, Москва хуит къызэращIыжам теухуауэ ягъэува махуэшхуэр илъэс къэс ягъэлъэпIащ XX лIэщIыгъуэ пщIондэ. Октябрь зэщIэхъееныгъэм и ужькIэ ар къэралым игъэлъапIэ махуэшхуэхэм хагъэкIыжауэ щытащ. СССР-м махуэшхуэу щагъэлъапIэрт щэкIуэгъуэм и 7-р - Октябрь зэщIэхъееныгъэр къыщыхъуар. Ауэ Урысейм и дин зэгухьэныгъэ советым къыхилъхьащ щэкIуэгъуэм и 4-р ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэу ягъэбелджылыну. А жэрдэмыр Къэрал Думэм диIыгъащ. 2004 гъэм и дыгъэгъазэм Къэрал Думэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ «ЗауэлI щIыхьым и махуэхэр» («О днях воинской славы») федеральнэ законым. Абы щагъэбелджыла зэхъуэкIыныгъэщIэхэм хеубыдэ ЦIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэр гъэлъэпIэныр.

1818 гъэм пащтыхь Александр Езанэм и унафэкIэ Утыку Плъыжьым дагъэуващ Мининымрэ Пожарскэмрэ я фэеплъ. Скульптор Мартос Иван и лэжьыгъэр цIыхубэм къахэкIа лIыхъужьхэм я япэ фэеплъщ. 2005 гъэм Новгород Ищхъэрэм щагъэуващ Мининымрэ Пожарскэмрэ я фэеплъ. Урысейм хабзэ щыхъуащ махуэшхуэр а фэеплъитIым деж къыщыщIадзэу ягъэлъэпIэну. Илъэс къэс ди къэралым и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ а махуэм ирихьэлIэу щрагъэкIуэкI концертхэр, пшыхьхэр, псапэ зыпылъ Iуэхухэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, флешмобхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэхыхьэхэр, тхыдэм теухуа дерсхэр. ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Ар дэтхэнэ цIыхури хэкум дежкIэ зэрылъапIэм, узэкъуэувэмэ, лъэщ узэрыхъум и нэщэнэщ. ЦIыхубэр зэгурыIуэмэ, зызэщIагъакъуэмэ, зэдэIэпыкъумэ, къэралри йофIакIуэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ



# Махуэшхуэм и щІыхькІэ

**ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу, КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпІащ республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ цІыху пажэхэр.**

ХАБЗЭУБЗЫХУ ІуэхущІапІэм и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ кърагъэблэгъахэм щехъуэхъум жиІащ Урысейм мыхьэнэшхуэ зиІэ и махуэхэм ящыщ зым теухуауэ зэрызэхуэсар.

- Урысейм ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр зэрыщагъэувам нэрылъагъу ещІ ди лъэпкъ хабзэхэр, цІыхубэ зэкъуэтыныгъэр, хэкупсагъэр, зыр адрейм зыщІигъэкъуэныр ди къэралым зэрыщыдгъэлъапІэр. Ахэращ ди Хэкум и зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъур, - жиІащ Егоровэм. - Ди япэ итахэм я щІэиныр тхъумэн хуейщ, апхуэдэуи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым дэтхэнэ зыми ди гуащІэм, ди Іуэху бгъэдыхьэкІэм ди щІыналъэмрэ къэралымрэ я къэкІуэнур зэрелъытар. Нобэ КъБР-м и Парламентым и дамыгъэр зыхуэдгъэфэщахэм яхэтщ дохутырхэр, егъэджакІуэхэр, социальнэ лэжьакІуэхэр, щэнхабзэм, спортым, экономикэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэр, нэгъуэщІ куэди. Шэч хэмылъу, дыщыгъуазэщ дэтхэнэ зыми иІэ зэфІэкІым, и ехъулІэныгъэхэм. Иджыпсту Урысейм и Іуэхур тыншу пхужыІэнукъым, дауи. Абы и щхьэхуитыныгъэр, и дуней лъагъукІэр дзэ Іуэху хэхам щихъумэн хуейщ. Ди зауэлІхэм ди къэкІуэным папщІэ нобэ хахуэу я къалэныр ягъэзащІэ. МыдэкІэ щыІэхэми а текІуэныгъэр сыт хуэдизкІи нэхъ гъунэгъу зэрыхъуным щхьэж хузэфІэкІ хелъхьэ. Ди фІэщ мэхъу дызэкъуэту гугъуехьхэр къызэрызэднэкІыфынур. Фи мурадыфІхэр къывэхъулІэну, фефІэкІуэну дэтхэнэми сынывохъуэхъу.

КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щІэныгъэм, щыпІэ унафэр зехьэным, хьэрычэт Іуэхум, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ, мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыным хэлІыфІыхьхэм. Абыхэм ящыщщ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Тхыдэтхымрэ къежьапІэхэмкІэ и щІэныгъэ ІуэхущІапІэм и унафэщІ Къущхьэбий Анзор, Налшык къалэм дэт курыт школ № 26-м химиемрэ биологиемрэ щезыгъэдж УнэкІафІэ Мадинэ, УФ-м Пенсэмрэ социальнэ страхованиемкІэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и лэжьакІуэхэу Беккиевэ Еленэ, Шевчук Ольгэ, Тхьэзэплъыж Люсанэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Республикэм и щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ хуищІымрэ и зэфІэкІымрэ къэлъытауэ, КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ къафэмкІэ «Балкария» къэрал ІуэрыІуатэ ансамблым и къэфакІуэ пажэ Жанатаевэ Иринэ. «Заман» газетым и сурэттех Мамаев Алий - фотожурналистикэм зэрызригъэужьым папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІыр къалъытэу, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и ФІыщІэ тхылъкІэ ягъэлъэпІащ Шэджэм районым Егъэджэныгъэмкіэ и управленэм и къудамэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэ Щокъарэ Оксанэ.

Парламентаризмэм зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэхэр щегъэфІэкІуэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІым папщІэ, зэхуэсым КъБР-м и Парламентым и депутат зыбжани щагъэлъэпІащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и УнафэщІым и ФІыщІэ тхылъыр иратащ Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ комитетхэм хэт Дадэ МуІэед, УхуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ ІуэхущІапІэмкІэ комитетым и унафэщІ Къумал Заурбэч, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ комитетым и унафэщІ Кривко Михаил сымэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ПсэукІэр егъэфІэкІуэным пащэ

**Налшык къалэ администрацэм щекІуэкІащ цІыхубэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэщІауэ къалэм 2030 гъэ пщІондэ зэрызрагъэужьыну щІыкІэм теухуа зэІущІэ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий иригъэкІуэкІа зэхуэсым хэтащ Налшык къалэ администрацэм и УнафэщІ Ахъуэхъу Таймураз, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Журавлёв Андрей, министрхэмрэ министрхэм я къуэдзэхэмрэ.**

● ЗэІущІэхэр



НАЛШЫКДЭСХЭМ я псэукІэр тынш щІыным теухуауэ япэу зыхэплъа Іуэхугъуэм куэд къызэщІеубыдэ. Абы тепсэлъыхьащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ ТІымыжь Хъусен. Абы къыхигъэщ республикэм и щІыналъэ 13-м 2030 гъэ пщІондэ псэукІэр процент 30 хуэдизкІэ щегъэфІэкІуэн къалэныр къазэрыпэщылъыр, псом япэуи а Іуэхухэр Налшык къалэм зэрыщекІуэкІынур. ПсэукІэр егъэфІэкІуэныр Іуэхугъуэ 15-кІэ къалъытэ, къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ. Апхуэдэщ, цІыхухэм я псэупІэхэр нэхъ Іэхуитлъэхуит щІыныр, жьы хъуа унэхэм щІэсхэр къыщІэгъэІэпхъукІыныр, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэныр, унэхэм интернет щІэшэныр, хабзэм къемызэгъыу къагъэунэхуа пхъэнкІий идзыпІэхэр Іухыжыныр, цІыхубэ транспортхэм я щытыкІэм кІэлъыплъыныр, егъэджэныгъэм, медицинэм, спортым пыщІа ІуэхущІапІэхэр, сабий садхэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр, щэнхабзэмкІэ унэхэмрэ библиотекэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэныр.

ЗэІущІэм къыщаІэтащ нэгъуэщІ Іуэхухэри: 2025 гъэм КъБР-м щагъэзащІэ лъэпкъ проектхэр; Налшык къалэм щыІэ псэукІэм и фІагъым хэгъэхъуэнымкІэ Іэмалхэр; республикэм и къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм епхауэ нэхъыщхьэу зэфІэхыпхъэхэр.

ПсэупІэхэм интернет ешэлІэным и ІуэхукІэ ТІымыжьым къыхигъэщащ унэхэр къызыхуэтыншэу интернет зэрыщІашэ кІапсэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщар, къэнэжыр ар пыщІауэ гъэлэжьэныр аркъудейр зэрыарар.

Хабзэм къемызэгъ пхъэнкІий идзыпІэхэм ятеухуауэ къыхигъэщащ апхуэдэ зы щІыпІэ нэгъабэ лъандэрэ зэрыщыІэр, ар 2029 гъэ пщІондэ ягъэсеижын зэрыхуейр.

Абы теухуауэ Мусуковым жиІащ, зи гугъу ящІа пхъэнкІий идзыпІэм нэмыщІ, ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министерствэм унафэ тращІыхьын хуейуэ иджыри тІу къызэригъэлъагъуэр.

Налшык къалэм спорт хуэІухуэщІэхэр къыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхум щытепсэлъыхьам, Правительствэм и УнафэщІым жиІащ зи узыншагъэр езыгъэфІэкІуэну гупыж зыщІ цІыхухэм я псэупІэм къыщІэкІрэ дакъикъэ 15 нэхъыбэ лъэсу мыкІуэу, тыншу спорткІэ зыщытригъэун щІыпІэ щыІэн хуейуэ къызэрилъытэр.

- Спорт Іуэху зэрахуэну гукъыдэж зиІэхэм апхуэдэ Іэмал етын хуейщ. Хэт лъакъуэрыгъажэкІэ къижыхьынщ, хэт и Іэпкъ-лъэпкъым зригъэшэщІынщ, хэт къикІухьынщ, - жиІащ Мусуковым икІи къыхигъэщащ а Іуэхум зэрыкІэлъыплъынур.

Налшык къалэм щэнхабзэмкІэ дэт ІуэхущІапІэхэм, абыхэм я щытыкІэхэм, гулъытэ зыхуэщІыпхъэхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Аминэ. Абы жиІащ икІэщІыпІэкІэ елэжьын хуейуэ ІуэхущІапІитІ зэрыщыІэр - Лъэпкъ библиотекэмрэ филармонием и унэу щытамрэ. Къэпсалъэм зэрыжиІамкІэ, къалэм дэт адрей библиотекэхэр зыхуей хуэзэу мэлажьэ, библиотекищ «модельнэ» лІэужьыгъуэ ящІащ, зыхуеинухэмкІэ къызэрагъэпэщри. Карчаевэм жиІащ къалэм унагъуэхэм папщІэ библиотекэ дэтамэ, абыи тхылъым и пщІэр зэриІэтынур.

Республикэм и щІыналъэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ зэІущІэм къыщытеувыІащ гъуэгу Іуэхум, пхъэнкІий идзыпІэхэм, лэжьапщІэм, псэупІэхэм газыр зэрешэлІам, егъэджэныгъэм, «Пушкиным и картэм», нэгъуэщІхэми.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Хэкупсэу ягъасэ

**Лэскэн районым щыІэ ЩІалэгъуалэ центрым щекІуэкІащ «ЛІыхъужьхэм я лІакъуэ» зэпеуэр. Абы хэтащ щІыналъэм и курыт школхэм я еджакІуэхэр. Ар къызэригъэпэщащ «Кавказ Ищхъэрэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я ассоциацэ» щІыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Іэтащхьэм и администрацэр, «Пэрытхэм я грант» зэщІэхъееныгъэр, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэхэр и дэІэпыкъуэгъуу.**

ЗЭПЕУЭМ и къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэр хэкупсэу гъэсэнырщ, я хэкумкІэ гушхуэныгъэ яІэу къэгъэхъунырщ, я унагъуэм и тхыдэм дегъэхьэхынырщ, апхуэдэуи лІыхъужьхэм я фэеплъым пщІэ хуегъэщІынырщ.

Зэхьэзэхуэм и хабзэхэм къызэрагъэувым тету, еджакІуэхэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІащ, я унагъуэм и лІакъуэ жыгыр зэхагъэуващ, я лъэпкъым къыхэкІа лІыхъужьхэм ятеухуа хъыбархэр зэхуахьэсащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

Щэнхабзэ






# Дызыгъэлъэщыр дызэрызэкъуэтырщ

**«В единстве наша сила» зыфIаща хэгъэгу фестивалым хыхьэ зы Iуэху дахэт Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм цIыхушхуэ щызэхуэзышэсар. Ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэ куэдми я лIыкIуэхэр, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр, курыт еджапIэхэмрэ вузхэмрэ зыхэта зэIущIэ дахэр къызэрагъэпэщащ Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ Урысей федеральнэ агентствэм, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фонд Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэм. Ар зи жэрдэмхэм зыщIагъэкъуащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэмрэ Налшык къалэ администрацэмрэ.**



КОНЦЕРТ гъэлъэгъуапIэм и пэIущIэ пэшым узыщрихьэлIэ дахагъэр къыпхуэмыIуэтэн хуэдизщ. Лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ щхьэж и лъэпкъ щэнхабзэ, гъуазджэ, и дуней тетыкIэ къэзыгъэлъагъуэ стIолым бгъэдэтщи, дэтхэнэми уи нэгу къыщIагъэувэ ар къызыхэкIар адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукI гуэр. Ахэр шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэщ, лъэпкъ дамыгъэщ, щагъэщ, гуащэ гъэщIэгъуэнхэщ.

Псалъэм папщIэ, абдеж ущыIуощIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, ЦIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэхэмкIэ республикэ центрым, «Птицы счастья» (урыс), «Алан» (балъкъэр) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, «Абхазия» (абхъаз), «Ахбюр» (ермэлы), «Нарспи» (чуваш), «Риони» (куржы), «Кодумаа» (эстон), «Туган-тел» (тэтэр), «Ватан-ёлунда» (тырку-месхетин), «Днипро» (украин), «Дагестан» (Дагъыстэн), Тэрч къэзакъыдзэм и тэрч-малкэ щIыналъэм я лъэпкъ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я плIанэпэхэм.

ЕтIуанэ къатым щыплъагъухэри щIэщыгъуэщ. «Зэныбжьэгъугъэм и жыг» зыфIаща сурэтым къытощ Iэ-тхьэмпэхэр зыпыт жыг уардэ, хуейхэр бгъэдыхьэурэ а пщIащэ зэмыфэгъухэм я Iэ щIэдзыкIэ къытранэ. АдэкIи щытщ фестивалым и фIэщыгъэ псалъэхэр зытет нэгъуэщI зы жыги, лэч щхъуэкIэплъыкIэхэм уи Iэпхъуамбэр хэпщIэрэ абы тебгъауэу. ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №2 Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэм щIэсхэмрэ абы и егъэджакIуэхэмрэ я IэрыкIхэм яхухэхащ зы дапхъэ. Щхьэхуэу я гугъу пщIы хъуну щIэщыгъуэщ Кулиевэ Маринэ и IэдакъэщIэкI гуащэхэмрэ абыхэм я фэилъхьэгъуэхэмрэ.

Махуэшхуэ пшыхьыр Урысейм теухуауэ езым иуса уэрэд дахэкIэ къызэIуихащ Уэлджыр Миланэ. Абы щIэту утыкум къихьащ Iуэхум хэт къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ. Пэшым щIэсхэр макъамэ дахэхэмкIэ къыдахьэхыу махуэщI гукъыдэжыр къаIэта иужь, къэпсэлъапIэр хуит хуащIащ Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ, ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу мыпхуэдэ Iуэху дахэхэр ди къэралым и щIыналъэхэм щокIуэкI. Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблееми абы и щIыналъэ къудамэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу а махуэшхуэмкIэ. Дахагъэ, насып, мамырыгъэ, зэкъуэтыныгъэ дыщымыщIэну! - жиIащ Хьэутий икIи фIыщIэ яхуищIащ зыщыщ лъэпкъым и зэфIэкI фестивалым щызыгъэлъагъуэхэм, артистхэм.

АдэкIэ абы игъэзэщIащ пщэрылъ дахэ. Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем илъэс зыбжанэ хъуауэ иригъэкIуэкI зэхьэзэхуэм щытекIуахэр щагъэлъэпIащ Мэхъэчкъалэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ар зыхуагъэфэщахэр утыку къришащ Сэхъурокъуэм икIи саугъэтхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ яритыжащ. Апхуэдэу урысейпсо жылагъуэ саугъэтымкIэ зи лэжьыгъэ къалъытар КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Зумакулов Борис, ныбжьыщIэ губзыгъэ Жангуразовэ Нуржан сымэщ. Абыхэми псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм, ар зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным хэлIыфIыхьа дэтхэнэми.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кавказ пшэплъхэр» сабий къэфакIуэ ансамблым, Му-зыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Теунэ Жэмал, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэт, къэзакъ уэрэдхэмкIэ «Родник» цIыхубэ хорым, Соттаев Къанщауэ и цIэр зезыхьэ «Эльбрус» къэфакIуэ гупым, нэгъуэщIхэми.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Уасэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ

**2025 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэхэмкIэ и IэнатIэм сом мелард 23,0-рэ и уасэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 1,2-кIэ нэхъыбэщ ар.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэрыщIидзэрэ къат куэду зэтет унэу 23-рэ, унагъуэхэм псэупIэ 2660-рэ яухуащ. ФэтэрыщIэу яухуар псори зэхэту 3667-рэ мэхъу. ПсэупIэу псори зэхэту ящIащ метр зэбгъузэнатIэ мин 411,3-рэ, 2024 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 2,1-кIэ нэхъыбэщ ар. Абы щыщу метр зэбгъузанатIэ мин 352,2-р унагъуэхэм къалъос - нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ процент 11,8-кIэ нэхъыбэщ ар. Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыухуэ IуэхущIапIэхэм – мин 59,1-р ейщ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм кърибыдэу абыхэм яхузэфIэкIащ метр зэбгъузэнатIэ мин 87,9-рэ яухуэн.

Къуажэхэм псэупIэу щаухуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 234,9-рэ, ари проценти 5,5-кIэ нэхъыбэщ 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

Мыдрейуэ, автомобиль транспорткIэ, хьэрычэт IэнатIэ мащIэм пыщIахэр хэмыту, 2025 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум къриубыдэу хьэлъэу ягъэIэпхъуащ псори зэхэту тонн мин 232,5-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 5,8-кIэ нэхъ мащIэщ ар.

2025 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум розницэ сатум псори зэхэту сом мелард 218,5-рэ къыпэкIуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 107,1-кIэ хуэкIуэу (иджыпсту къекIуэкI уасэхэм ятещIыхьауэ). Розницэ сатууэ зэрагъэкIуэкIам и процент 52,9-р сату щIыпIэ инхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ къалъысащ, бэзэрхэмрэ жармыкIэхэмрэ хэмыту - абыхэм процент 47,1-р ейщ.

2025 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум розницэ сатууэ псори зэхэту ящIар зэпэщхьэхуэу къэбгъэлъагъуэмэ, ерыскъыхэкIхэм процент 49,7-р яубыдащ, ерыскъыхэкIыу щымыт хьэпшыпхэм - процент 50,3-р. А пIалъэм къриубыдэу республикэм и цIыхухэм ерыскъыхэкIыу иращащ сом меларди 108,7-рэ и уасэ. Ар проценти 5,8-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ. ЕрыскъыхэкIыу щымыт хьэпшыпу зэрагъэкIуэкIам проценти 8,3-кIэ хэхъуащ е сом меларди 109,8-рэ и уасэ ящащ.

2025 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу сату щIыпIэхэм зэгъэтIылъэкIауэ яIащ псори зэхэту сом меларди 5,2-рэ и уасэ хьэпшып. Мы гъэм шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу щыIам нэхърэ процент 0,4-кIэ нэхъ мащIэщ е проценти 6,6-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэрейм.

Дызэрыт илъэсым и щIышылэм - шыщхьэуIум къриубыдэу республикэм и шхапIэхэм - ресторанхэм, кафехэм, псоми зэхэту сом мелард 12,1-рэ хэхъуэу яIащ е 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 119,9-кIэ хуэкIуэу.

ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, республикэм и цIыхухэм хуащIащ пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу сом мелард 51,8-рэ и уасэ е 2024 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум щыIа бжыгъэхэм проценти 110,9-кIэ хуэкIуэу. Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэу унагъуэхэм хуащIащ сом меларди 8,7-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 122,7-кIэ хуэкIуэу.

Республикэм и цIыхухэм псори зэхэту хуащIа Iуэхутхьэбзэхэм я процент 71,3-р хьэрычэт IэнатIэ мащIэм хыхьэхэм къалъос.

ПщIэ зыщIату цIыхухэм нэхъыбэу хуащIар псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэрщ - процент 26,4-рэ, унагъуэхэм хуащIа Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр - процент 16,8-рэ, транспорт Iуэхутхьэбзэхэр - процент 15,7-рэ, телекоммуникацэм пыщIахэр - процент 11,8-рэ мэхъу.

2025 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум къриубыдэу, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ, ветеринар Iуэхутхьэбзэхэм процент 44,6-кIэ хэхъуащ, унагъуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэм - процент 22,7-кIэ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм - процент 16,9-кIэ, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм - процент 14,1-кIэ, санаторэхэмрэ курортхэмрэ я Iуэхутхьэбзэхэм - процент 13,6-кIэ.

ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэхэм я процент 16,8-р унагъуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм яубыд. Абы щыщу псэупIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, ухуэным, нэгъуэщI ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIыным процент 57,4-рэ къалъос, транспортхэр, машинэхэр, обрудованэхэр зэгъэпэщыжыным, абыхэм елэжьыным - процент 12,8-рэ, щхьэщIэщэмрэ косметикэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ - процент 11,4-рэ.

2025 гъэм и шыщхьэуIум, ипэ ита мазэм елъытауэ, уасэхэм я индексыр процент 99,4-рэ хъуащ, абы щыщу ерыскъыхэкIхэмкIэ процент 98,5-рэ, хьэпшыпхэмкIэ проценти 100,5-рэ, пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэхэм процент 99,2-рэ.

2025 гъэм и шыщхьэуIум и кIэхэм ирихьэлIэу КъБР-м зы мазэм къриубыдэу зы цIыхур зрикъун ерыскъым ику иту сом 6533,57-рэ и уасэу къыщалъытащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ

**Жэпуэгъуэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIащ «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэ» дунейпсо IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ КъБКъУ-мрэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэща «Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ» жыхуиIэ зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, студентхэр.**

● Лъэпкъ Iуэху



ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэ» дунейпсо IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Нобэрей зэIущIэр къызэдгъэпэщащ Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэ дахэу Урысейм щагъэлъапIэм дыпежьэу. Урысейр лъэпкъыбэщ. Ар къэрал къулеигъэхэм я щхьэж кIуэ Iуэхугъуэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. ИкIи Урысейм и политикэр зэщIэкIыжар а зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнырщ. Сыту жыпIэмэ, дэ IэнатIэ гугъу дылътщ нобэ икIи абы дыпэлъэщын папщIэ дызэкъуэмыту хъунукъым. Арацци, ди зэIущIэм хэтыну, хэпсэлъыхьыну къэкIуа дэтхэнэ зыми фIыщIэ фхузощI. Ди гупсысэ нэхъыщхьэр цIыхубэм ялъэдгъэIэсыфмэ, ар зэхащIыкIмэ, ди къалэным дыпэлъэщауэ дыгугъэ хъуну къысщохъу. Зи гугъу тщIынумкIэ, сытым дежи хуэдэу, жэуаплыныгъэшхуэ яхь ди хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм. Захуэзгъэзэну сыхуейт ди зэIущIэм хэт журналистхэм, нобэ мыбдеж къыщытпсэлъынур жылагъуэм гурыIуэгъуэу ялъэвгъэIэсыжыну. Ди зэIущIэр ирихьэлIащ Комсомолым и махуэм. Дэ псори дыхэтащ а зэгухьэныгъэм, хэкум къыщIэувэ щIэблэр щагъасэу щытам. ИкIи а лъэхъэнэ дахэм къикIа, комсомолу щыта дэтхэнэ зыми сохъуэхъу ди махуэшхуэ тIуащIэмкIэ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБКъУ-м и проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат. Абы зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр езыр унагъуэ лъэпкъыбэу зэхэтщ, дунейм и гъунапкъэ зэхуэмыдэхэм къикIа студентхэр щодж. Абы къыхэкIыуи, зэкъуэшыныгъэм и щапхъэу жыпIэ хъунущ.

- Урысей Федерацэм нэхъри нэхъ къэрал телъыджэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Абы хуэдэу щIыдэлъхубзэхэм гулъытэ ин щыхуащI къэралыгъуэ щыIэу сщIэркъым сэ. Лъэпкъ дапщэ щымыпсэуми, я нэхъыбэм я анэдэлъхубзэр къэралыбзэу щытщ, курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щрагъэдж, дэтхэнэми и щэнхабзэм тету псэуну, ар игъэкIуэтэну, игъэбэгъуэну хуитщ. Арацщ Урысейм и философие нэхъыщхьэр, - къыхигъэщащ абы.

АдэкIэ псалъэ иратащ «Лъэпкъыр зэрыпагэ-2025» урысейпсо жылагъуэ саугъэтым и щIыналъэ Iыхьэм «Лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэр гъэбыдэнымкIэ лэжьыгъэфI дыдэ езыгъэкIуэкIа» къэрал къулыкъущIапIэу къалъыта, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ Зумакулов Борис.

- «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэ» дунейпсо IуэхущIапIэр къызэрыунэхуа лъэхъэнэу иригъэкIуэкIар къыпхуэмылъытэным хуэдэу инщ. Лъэпкъышхуэ, лъэпкъ цIыкIу жаIэу, зэхэгъэж къыщекIуэкIыркъым абы. Бжыгъэм елъытакъым абы щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. Псом нэхърэ нэхъапэр зэкъуэтыныгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэщ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди нэгу щIэкIащ ныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я къарур зыхуэдэр. Ар дыдэр ноби щыдолъагъу Урысейм иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм. Сэхъурокъуэ Хьэутий зи унафэщI зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэри хуэгъэзащ фIэщхъуныгъэм, бзэм, щэнхабзэм емылъытауэ, псори зы зыщI мамырыгъэр, зэкъуэшыныгъэр хъумэным. Урысейр мызэ-мытIэу еувэлIащ IэнатIэ гугъу, жагъуэгъухэм дызэхуагъэхуну, ди къулеигъэ нэхъыщхьэр - мамырыгъэр - зэтракъутэну, зэгурымыIуэныгъэ ди зэхуаку къыдалъхьэну пылъщ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, 2000 гъэхэм Путиныр къытеувэри, Урысейм и нэр къэплъэжащ, зиIэтыжащ. Дауи, ар КъухьэпIэм и гуапэ хъуакъым, икIи къарууэ иIэр къэщIэрэщIэж УрысеймкIэ къиунэтIащ, зэран къыхуэхъуну. Арами, дызэфIэкIуэдакъым, дызэрыутIыпщакъым. Адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри, мы щIыналъэм щыпсэу адрей лъэпкъхэри дызэрыIыгъщ. Ноби ди къалэн нэхъыщхьэр къытщIэувэ щIэблэр а зэхущытыкIэ дахэр хъумэн зэрыхуейм къыхуедджэнырщ, щапхъэ дахэ едгъэлъагъунырщ, - жиIащ Зумакуловым.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталий, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и егъэджакIуэ ЩауэцIыкIу Людмилэ, КъБР-м и Муслъымэнхэм я управленэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий, КъБР-м и православнэ члисэхэм я IэтащхьэБобылёв Валентин, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъМУ-м и доцент, «Абхъаз» лъэпкъ-щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщI ГъущIапщэ Ингэ, нэгъуэщIхэри.

ГъущIапщэр къыщыпсэлъам къыхигъэщащ Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ и унафэкIэ адыгэ тхакIуэ, усакIуэ Къаныкъуэ Заринэ Абхъазым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и уэздIакIуэ цIэ лъапIэр къызэрыхуагъэфэщар.

ЗэIущIэм и кIэм Сэхъурокъуэм фIыщIэ яхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэу абы зыкърезыгъэхьэлIахэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● Лъэпкъ Iуэху



# Министрымрэ студентхэмрэ я зэIущIэ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ академием и студентхэм.**

СЫХЬЭТИТIЫМ нэблагъэкIэ екIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм щыIэ щытыкIэм, апхуэдэуи министрым жэуап иратащ ныбжьыщIэхэм я упщIэхэм. Студентхэр щIэупщIащ медицинэм щIэуэ къыхыхьэ Iэмалхэр, иджырей технологиехэр щIыналъэм къызэрыщагъэсэбэпым, щыIэ гугъуехьхэм, егъэджэныгъэр, лэжьыгъэм и пIалъэ зэрыхагъэгъуазэр къызэрызэгъэпэщар егъэфIэкIуэным зэреплъхэр къаIуэтащ. НыбжьыщIэхэм жалащ дохутыр IэщIагъэр къыхэзыхахэр Iуэхум нэIуасэ щыхуащIу медицинэ IуэхущIапIэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэщIыпхъэр, я Iэзагъэм нэхъыфIу хагъэхъуэфын папщIэ зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр абы егъэгъуэтын зэрыхуейр.

Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ еджапIэхэмрэ медицинэ IуэхущIапIэхэмрэ яку зэпыщIэныгъэ дэлъыным, егъэджэныгъэ программэр щауббзыхукIэ студентхэм я еплъыкIэр къыхэлъытэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэрщ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и къэкIуэнур зыхуэдэнур зэлъытыжар», - жиIащ министрым. Апхуэдэуи къигъэлъэгъуащ мы зэIущIэм хуэдэхэр Iуэху щхьэхуэхэм ятеухуа еплъыкIэхэр утыку кърахьэнымкIэ Iэмал хъарзынэу зэрыщытым къищынэмыщIауэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ медицинэ IэнатIэхэмрэ зэгъусэу IэщIагъэлI нэсхэр гъэхьэзырынымкIэ щхьэпэ зэрыхъур.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 1, щэбэт**

♦**Урысей Федерацэм и Суд Приставхэм я махуэщ**

♦**1922 гъэм** Налшык парт школ къыщызэIуахащ.

♦**1936 гъэм** Налшык Урыс къэрал драмэ театр къыщызэIуахащ.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **ГуэбэщIыкI Жантемыр**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгъушэ Хьэсэн**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШР-м щIыхь зиIэ и экономист **Уэз Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 2, тхьэмахуэ**

♦**1940 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молэ Владимир**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ геолого-минералогие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, Тыркумэнымрэ УФ-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Абыкъуэ Лейлэ**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ усакIуэ **Лъостэн Музэ**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Къармэ Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 3, блыщхьэ**

♦**1562 гъэм** Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и щIалэ Думэныкъуэ и гъусэу Астрахань хьаным и деж кIуащ.

♦**1931 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым къратащ ВЦИК-м и щIыхь тхылъыр.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шыд Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 4, гъубж**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр**

♦**1742 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэпщ) дунейм ехыжащ.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Думэн Хьэсэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 5, бэрэжьей**

♦**Урысейм Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэр щагъэлъапIэ**

♦**1867 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, полковник, 1910 - 1917 гъэхэм Налшык округым и унафэщIу щыта **Къылышбий СултIанбэч**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-график **Къып Мухьэмэд**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Истамбыл щыIэ Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм и гуащэ **Шурдым Гюнсел**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Журт Арчыл**.

♦**1977 гъэм** къалъхуащ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 2004 гъэм Афины щекIуэкIа Олимп джэгухэм жэз медалыр къыщызыхьа **Тау Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Бзур зыIэтыр дамэщ, цIыхур зыIэтыр акъылщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 3

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «СОБАКА НА СЕНЕ» (16+)
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.15** Х/ф «ЧАПАЕВ». ВПЕРВЫЕ ПОСЛЕ РЕСТАВРАЦИИ» (16+)
**12.15** «Горячий лед». Фигурное катание. Гран-при России-2025. Этап II. Произвольная программа (0+)
**13.45** Т/с «НАЧАЛЬНИК РАЗВЕДКИ» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Т/с «ГОСУДАРЬ». ПЕРВЫЙ, КТО ИЗМЕНИЛ ВСЕ» (16+)
**22.30** «Как молоды мы были». К Дню рождения Александра Градского (16+)
**00.40** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**06.20** Х/ф «БАБУЛЯ» (16+)
**10.10** Сто к одному
**11.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Измайловский парк». Большой юмористический концерт. Специальный праздничный выпуск (16+)
**13.25** Х/ф «ИВУШКА ПЛАКУЧАЯ» (16+)
**17.30** Большой юбилейный концерт Ларисы Рубальской
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХРОНИКИ РУССКОЙ РЕВОЛЮЦИИ» (16+)
**23.45** Х/ф «ЛЕГЕНДА №17» (16+)
**02.15** Х/ф «СНЕГИРЬ» (16+)

### НТВ

**06.15, 08.20, 08.50, 10.20, 16.20** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ»
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**18.00** Т/с «КОНСТАНТИНОПОЛЬ» (16+)
**19.30** Т/с «КОНСТАНТИНОПОЛЬ» (16+)
**23.45** «Звезды» (16+)
**02.20** Х/ф «ИМПЕРАТРИЦЫ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.40** Х/ф «ИВАН ДА МАРЬЯ» (16+)
**07.10** Х/ф «НЕБЕСНЫЙ ТИХОХОД» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** Х/ф «ДЕМИДОВЫ» (16+)
**12.10, 13.20** Х/ф «АЛЕКСАНДР НЕВСКИЙ» (16+)
**14.50** Д/ф «Ключ к Византии» (12+)
**16.20** Х/ф «КРЫМ» (16+)
**18.00, 19.15** Т/с «СМЕРШ-3. ОБЪЕКТ 196» (16+)
**23.00** Х/ф «ЯРОСЛАВ» (16+)
**01.10** Х/ф «СВАДЬБА С ПРИДАНЫМ» (16+)
**02.55** Х/ф «ДЕВУШКА С ХАРАКТЕРОМ» (16+)
**04.30** Д/ф «Александр Невский. Последняя загадка Чудского озера» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Зеркальце». «Сказка о царе Салтане»
**07.40** Х/ф «ДЕСЯТЬ НЕГРИТЯТ»
**09.55** Д/ф «Исторические курорты России»
**10.25** Х/ф «СЕРДЦА ЧЕТЫРЕХ» (16+)
**12.00** Гала-концерт Международного фестиваля народной песни «Добровидение-2025»
**13.45** Д/с «Земля людей»
**14.10** Д/ф «Основатель. Иван Калита»
**15.00** «Русская кантата»
**16.20** «Пешком...»
**16.50** Х/ф «КУБАНСКИЕ КАЗАКИ» (16+)
**18.40** Д/ф «Артек»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «О БЕДНОМ ГУСАРЕ ЗАМОЛВИТЕ СЛОВО» (16+)
**22.30** Большая опера в Завидово
**00.15** Д/с «Страна птиц»
**00.55** Х/ф «ИСПЫТАНИЕ ВЕРНОСТИ» (16+)
**02.45** М/ф «И смех и грех»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)
**07.00, 09.00, 11.30, 15.50** Новости
**07.05, 11.35, 21.40, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Чемпионы» (6+)
**09.25** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**10.05** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**10.45** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**12.35** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**13.35** Д/ф «Александр Великий» (12+)
**14.40** Громко. Прямая трансляция
**15.55** Футбол. «Ротор» (Волгоград) - «Арсенал» (Тула). Лига Пари. Прямая трансляция
**18.00** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**19.00** Хоккей. «Динамо» (Минск) - ЦСКА. Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Лацио» - «Кальяри». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.30** «10 лет в спорте» (12+)
**02.00** «10 лет в спорте» (12+)
**02.30** «10 лет в спорте» (12+)
**03.00** «10 лет в спорте» (12+)
**03.30** «10 лет в спорте» (12+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины (6+)

## Гъубж, щэкIуэгъуэм и 4

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Д/ф «Минин и Пожарский» (12+)
**07.00** «Доброе утро»
**10.15** Х/ф «ФИНАЛ» (16+)
**12.15** Х/ф «БЕЛОЕ СОЛНЦЕ ПУСТЫНИ» (16+)
**13.50** Т/с «НАЧАЛЬНИК РАЗВЕДКИ» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Михаил Задорнов» (16+)
**19.15** «Эхо любви» Роберта Рождественского» (12+)
**21.00** «Время»
**21.35** Т/с «ГОСУДАРЬ» (16+)
**22.35** Х/ф «ФИНАЛ» (16+)
**00.25** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**04.20** Х/ф «ФАМИЛЬНОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**08.00** Вести. День народного единства
**08.45** Вести. Местное время
**09.05** «По секрету всему свету»
**09.30** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00** Вести. День народного единства
**11.30** Большой праздничный концерт «Песни русского мира»
**13.25** Х/ф «ИВУШКА ПЛАКУЧАЯ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**17.00** Вести. День народного единства
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.00** Вести
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХРОНИКИ РУССКОЙ РЕВОЛЮЦИИ» (16+)
**23.45** Х/ф «ЭКИПАЖ» (16+)
**02.15** Х/ф «ЛЕГЕНДА №17» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.20, 09.00, 10.20** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**16.20** Т/с «КОНСТАНТИНОПОЛЬ» (16+)
**19.35** Т/с «КОНСТАНТИНОПОЛЬ» (16+)
**22.15** «Страна талантов». Юбилей ансамбля Надежды Бабкиной «Русская песня» - 50 лет (12+)
**01.00** «ТЭФИ-KIDS 2025» (0+)
**02.20** Х/ф «ОЧЕНЬ СИНЯЯ БОРОДА» (18+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Х/ф «АЛЕКСАНДР НЕВСКИЙ» (16+)
**07.00** Х/ф «ИЛЬЯ МУРОМЕЦ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** Финальный концерт конкурса «Родники-2025. Посвящение Героям Отечества» (6+)
**11.30** Д/ф «Битва за Россию. Оборона Москвы 1618 года. Михаил Романов против Сигизмунда III» (16+)
**12.20** «Не факт!» (12+)
**13.15** «Цивилизации». «Цивилизованный мир» против цивилизаций» (16+)
**14.15** «Цивилизации». «Китай. от запада на восток» (16+)
**15.10** «Цивилизации». «Латиноамериканское поле экспериментов» (16+)
**16.05** «Цивилизации». «Ислам. Правда, которую не слышит Запад» (16+)
**17.00** «Цивилизации». «Африка. игры цивилизованных дикарей» (16+)
**17.55, 19.15** Т/с «СМЕРШ-3. СЕКРЕТНЫЙ ИСТРЕБИТЕЛЬ» (16+)
**22.30** Х/ф «АДМИРАЛ УШАКОВ» (16+)
**00.40** Х/ф «КОРАБЛИ ШТУРМУЮТ БАСТИОНЫ» (16+)
**02.15** Х/ф «ДЕМИДОВЫ» (16+)
**04.50** Д/с «Хроника Победы» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Царица небесная. Казанская икона Божией Матери
**07.05** М/ф «Сказки-невелички». «Василиса Прекрасная». «Летучий корабль»
**08.00** Х/ф «МИНИН И ПОЖАРСКИЙ» (16+)
**09.50** Д/ф «Исторические курорты России»
**10.20** Х/ф «БОЛЬШАЯ СЕМЬЯ» (16+)
**12.00** Концерт-открытие XXII Международного фестиваля «Москва встречает друзей»
**13.45** Д/с «Земля людей»
**14.20** «Рассказы из русской истории»
**15.25** Д/ф «Наставник царевича. История Чарльза Сиднея Гиббса»
**16.20** «Пешком...»
**16.50** Х/ф «ИСПЫТАНИЕ ВЕРНОСТИ» (16+)
**18.40** Д/ф «Артек»
**19.30** Новости культуры
**19.45** «Современная музыкальная карта России»
**21.55** Д/ф «Три тополя на Плющихе». Опустела без тебя земля»
**22.35** Х/ф «ТРИ ТОПОЛЯ НА ПЛЮЩИХЕ» (16+)
**23.55** Д/ф «Основатель. Иван Калита»
**00.40** Х/ф «МИНИН И ПОЖАРСКИЙ» (16+)
**02.30** М/ф «Знакомые картинки». «Про Фому и про Ерему». «Жили-были»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)
**07.00, 09.00, 11.30, 15.50** Новости
**07.05, 11.35, 15.55, 19.30, 22.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**09.25** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**10.05** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**10.45** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**12.35** Д/ф «Царица Тамара. Быкова» (12+)
**13.55** Театрализованное спортивно-гимнастическое шоу Алексея Немова «Легенды спорта. Наследие». Трансляция из Москвы (6+)
**16.45** Хоккей. СКА (Санкт-Петербург) - «Динамо» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**19.55** Баскетбол. «Мега» (Сербия) - «Локомотив-Кубань» (Россия). Winline Basket Cup. Прямая трансляция из Сербии
**23.30** Матч! Парад (6+)
**00.00** Бильярд. Пул. Кубок Кремля. Мужчины (6+)
**01.30** «10 лет в спорте» (12+)
**02.00** «10 лет в спорте» (12+)
**02.30** «10 лет в спорте» (12+)
**03.00** «10 лет в спорте» (12+)

## Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 5

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ГОСУДАРЬ» (16+)
**23.00** Д/ф «Рихард Зорге. Путь Рамзая». Ко Дню военного разведчика» (16+)
**00.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «СОБАЧЬЯ РАБОТА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХРОНИКИ РУССКОЙ РЕВОЛЮЦИИ» (16+)
**23.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.20** Т/с «СОБАЧЬЯ РАБОТА» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «АКУШЕР» (16+)
**22.15** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

### ЗВЕЗДА

**05.15** «Ярослав» (16+) (Россия, 2010) (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Сделано в СССР» (12+)
**11.20** Х/ф «ОДИН ШАНС ИЗ ТЫСЯЧИ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «БЕЗ ПРАВА НА ВЫБОР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ПРОВАЛ» (16+)
**00.55** Х/ф «ПРАВО НА ВЫСТРЕЛ» (16+)
**02.20** Х/ф «ИЛЬЯ МУРОМЕЦ» (16+)
**03.45** Х/ф «СЕЛЬСКИЙ ВРАЧ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** Легенды мирового кино
**07.45** Д/ф «Викинг Ролло - от изгнанника до завоевателя»
**08.35** Х/ф «О БЕДНОМ ГУСАРЕ ЗАМОЛВИТЕ СЛОВО» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 00.55** «XX век»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Искусственный отбор
**13.40** Д/ф «Викинг Ролло - от изгнанника до завоевателя»
**14.35** Х/ф «БЕРЕГ ЕГО ЖИЗНИ»
**15.45** Д/ф «Роман в камне»
**16.10** Д/ф «Подвиг разведчиков. Операция «Монастырь»
**17.15** Торжественное открытие II Международного конкурса пианистов, композиторов и дирижеров имени С. В. Рахманинова
**18.45** «Семинар»
**19.45** «Правила жизни»
**20.15** Д/ф «Улыбка Аллы Суриковой». К юбилею режиссера»
**21.10** Абсолютный слух
**21.55** Власть факта
**22.40** Х/ф «БЕРЕГ ЕГО ЖИЗНИ» (16+)
**00.05** Д/ф «Расследуя дело Тутанхамона»
**01.50** Д/ф «Алмазная грань»

### МАТЧ!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Голевая неделя. РФ» (6+)
**07.00, 09.00, 12.55** Новости
**07.05, 11.45, 14.55, 22.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Лица страны (12+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**10.25** Матч! Парад (6+)
**10.55** Скелетон. Кубок России. Женщины. Прямая трансляция из Сочи
**12.10** Скелетон. Кубок России. Женщины. Прямая трансляция из Сочи
*УФ-м и Президентым 2009 гъэм къыдигъэкІа «Суд приставхэм я махуэр гъэувыным теухуауэ» указым ипкъ иткІэ щэкІуэгъуэм и 1-м ягъэлъапІэ Урысей Федерацэм и Суд приставхэм я махуэр. Абы ирихьэлІэу зыхуэдгъэзащ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт.*



**- 2025 гъэр Суд приставхэм я къулыкъум дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Абы ехьэлІа Іуэхухэр евгъэкІуэкІ къыщІэкІынщ.**

- Дызэрыт гъэр ди дежкІэ юбилейщ - ІэнатІэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 160-рэ ирокъу. А зэманым къриубыдэу абы и цІэми, ведомствэм и къалэнхэмрэ зэхэлъыкІэми захъуэжащ, зэрыщытауэ къэнэжкыр зыт - суд унафэхэр гъэзэщІэнымрэ цІыхухэмрэ къэралымрэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымрэ.

НобэкІэ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъур хабзэхъумэ ІэнатІэм мыхьэнэшхуэ зиІэ и зы пкъыгъуэщ, суд унафэхэр гъэзэщІэным, цІыхухэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэр, апхуэдэуи къэралым и экономикэ шынагъуэншагъэр яхъумэу. Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэр зэфІэувэным, зиужьыным ехьэлІауэ гъуэгуанэшхуэ къызэпичащ.

Юбилейр гъэлъэпІэным къриубыдэу ди лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІащ Іуэху щхьэпэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Хрустальные звёздочки» фІащауэ сабийхэм папщІэ зэхашэ урысейпсо фестиваль-конкурсым и щІыналъэ Іыхьэр, Управленэм и лэжьакІуэхэм я спорт, къарузехьэ зэпеуэхэр, акъылыфІагъэр къэгъэлъэгъуэным хуэгъэза джэгукІэхэр. Дэрэжэгъуэ иратын, зыщІагъэкъуэн папщІэ ди лэжьакІуэхэр макІуэ сабий социальнэ ІуэхущІапІэхэм, жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ, зауэм и ветеранхэм я унэ-интернатхэм, нэгъуэщІхэми.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ - Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2025 гъэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсу игъэуващ, нэхъыщхьэращи, ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьэрэ илъэс 80 ирикъуащ. Абыхэм ехьэлІауэ ди къулыкъум и лэжьакІуэхэр хэтащ социальнэ, псапащІэ Іуэхухэм. Къапщтэмэ, Урысейпсо къэлъыхъуакІуэ зэщІэхъееныгъэр, лъы тыныр, зэрызахъумэж хьыхэр зэІущэныр, КъБР-м и район псоми щІыхьым и МафІэ мыужьыхьым деж удз гъэгъахэр щыгъэтІылъыныр, нэгъуэщІхэри. ТекІуэныгъэ Иным и махуэм ирихьэлІэу екІуэкІа, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм ящыщу къыхэбгъэщ хъунущ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фашистхэм япэщІэту хэкІуэда лІыхъужь-зауэлІхэм я фэеплъу Лашынкъей къуажэм дэтым къыщежьэу Бахъсэн районым щагъэува, «910-нэ лъагапІэ» жыхуиІэ щыпІэхэм ирикІуэу къызэрагъэпэща шу зекІуэр.

Сыт щыгъуи япэ идгъэщыр ди къалэнхэр тэмэму дгъэзэщІэнырщ. Абы елъытащ цІыхухэм я хуитыныгъэхэр зэфІэгъэувэжыныр, абыхэм я шынагъуэншагъэр.

**- Мы илъэсым сыт хуэдэ ехъулІэныгъэхэр щызыІэрывгъэхьа фи лэжьыгъэм?**

- Дапщэщи хуэдэу, гулъытэ хэха хуэтщІащ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм. Дызэрыт 2025 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставхэр елэжьащ дэфтэр мин 462-м щІигъум, ар илъэс кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 16,4-кІэ нэхъыбэщ.

Зытехуахэм едгъэпшыныжащ сом меларди 3-м нэблагъэ, нэгъабэ ебгъапщэмэ процент 25-м щІегъу, абы щыщу сом мелуан 730-м нэхъыбэ бюджет зэхэтым кІуащ. Административнэ хабзэм щебакъуэ щымыІэным долэжь, абы ипкъ иткІэ апхуэдэ хабзэншагъэу мини 7-м щІигъу къызэпыдудащ.

Жэщ-махуэ имыІэу ди лэжьакІуэхэм яхъумэ КъБР-м и Арбитраж, Нэхъыщхьэ, Налшык дэт гарнизон судхэм я унэхэр, суд зэІущІэхэр шынагъуэншэу екІуэкІыныр къыщызэрагъэпэщ район судхэм я унэу 10-м, зэзыгъэкІуж судыщІэхэм я хэщІапІэу 50-м. Мы гъэм ди приставхэм судыр щекІуэкІкІэ щІахьэну зыхуимыт хьэпшып 5 678-рэ къытрахащ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къыщагъэхъуакъым.

Ди къалэнхэм ящыщщ республикэм хабзэншагъэкІэ щыІэ хамэ къэрал цІыхухэр, гражданствэ зимыІэхэр Урысей Федерацэм игъэкІыжыныр, апхуэдэуи суд приставхэм я пщэрылъщ ягъэува хабзэр Управленэм и суд лэжьыгъэм къыщызэрагъэпэщыныр. Мы гъэм ди лэжьакІуэхэм хабзэм ебэкъуауэ республикэм щыІэ хамэ къэрал цІыхуи 122-рэ Урысейм иргъэкІыжащ.

**- Суд приставхэм я къалэныр нэхъыбэм къалъытэ алиментхэр егъэтыным пыщІауэ. Абы ехьэлІауэ сыт хуэдэ ехъулІэныгъэхэр фиІэ?**

- ИпэжыпІэкІэ, ди лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм язщ икІи социальнэ мыхьэнэ зиІэщ балигъ мыхъуахэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкІыныр. Алиментхэр зыхуэфащэхэм яІэрыхьэнымкІэ я хуитыныгъэхэм ехьэлІауэ 2025 гъэм и мазибгъум дызэрылэжьахэм ящыщу пхыдгъэкІар процент 93-рэ мэхъу. КъБР-м и суд приставхэм алимент ахъшэу сом мелуан 410-м щІигъу ирагъэпшынащ, 2024 гъэм ебгъапщэмэ, сом мелуан 60-кІэ нэхъыбэ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщынщ алимент зытынухэм иужьрей илъэситхум едгъэпшынар хуэди 10-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар.

Алиментхэр тынымкІэ я къалэнхэр зымыгъэзащІэ адэ-анэхэм уголовнэ-хуитыныгъэ ІэмалхэмкІэ хэгъэзэхьынри къыдогъэсэбэп. Іуэхур абы намыгъэсын папщІэ апхуэдэ щІыхуэ зытелъхэм мы гъэм яшынащ алимент сом мелуани 8-м щІигъу.

**- 2024 гъэм зиубгъуащ СВО-м хэтхэм ехьэлІа социальнэ шэсыпІэхэм, абы и лъэныкъуэкІэ фи лэжьыгъэми ехьэлІа зэхъуэкІыныгъэхэр щыІэ?**

- 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м лэжьэн щІидзащ федеральнэ законодательствэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэу СВО-м хэт дзэ къулыкъущІэхэм ехьэлІауэ гъэзэщІапхъэ дэфтэрым пыщІахэм. Къапщтэмэ, УФ-м ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм дзэ къулыкъур щехьэкІыным теухуа зэгурыІуэныгъэ 2024 илъэсым дыгъэгъазэм и 1-м къыщІэздзауэ езыщІылІахэм, кредит щІыхуэу ятелъхэр щхьэщахыж, абы ипотекэм пэкІуэн хуейри хыхьэу.

Къыхэгъэщыпхъэщ контракткІэ илъэсым щІигъукІэ къулыкъу ящІэн хуейуэ, кредит щІыхуэу сом мелуани 10-м щІимыгъуу щытын зэрыхуейр. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэуи щхьэщахыж дзэ къулыкъур езыхьэкІым и щхьэгъусэм ипшыныхын хуейуэ телъ кредитри. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм зригъэубгъуащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм ехьэлІа шэсыпІэхэм.

Лажьэ законодательствэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и суд приставхэм 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щегъэжьауэ щхьэщахыжащ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ ехьэлІа кредит къалэн 1313-рэ, сом мелуан 86-м щІигъу къызэщІэзыубыдэхэр.

СВО-м хэт дэтхэнэми хуитыныгъэ иІэщ абыхэм япыщІауэ зэлэжь Іуэхур къызэтрагъэувыІэну.

АрщхьэкІэ, Іуэхур пІалъэкІэ къызэрызэтрагъэувыІари хыхьэркъым алимент тынымкІэ, апхуэдэуи унагъуэр зыщІигъугъэр дунейм зэрехыжам къыхэкІыу игъуэта хэщІыныгъэр гъэзэкІуэжынымкІэ къалэнхэр гъэзэщІэныр. Псори зэпэплъытыжмэ, дэ къулыкъур езыхьэкІхэмрэ абыхэм я Іыхьлыхэмрэ зырызыкъыхуагъэзам къыхэкІыу къызэтрагъэувыІащ Іуэхуу мини 8,8-рэ, сом мелуан 346-рэ къызэщІиубыдэу.

**- СВО-м хэтхэм дауэ защІэвгъакъуэрэ?**

- Управленэм сыт щыгъуи гулъытэ яхуещІ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм. Іуэхум зэрыщІидзэрэ, ди лэжьакІуэхэм захуахьэса мылъкукІэ 2022 гъэм ирагъэшащ ерыскъыхэкІ тонн 1,5-рэ, 2023 гъэм сом мелуани 1,4-рэ и уасэ теплевизионнэ Іэмэпсымэхэр иратащ; 2024 гъэм сом мелуани 4,4-рэ хуаутІыпщащ. Дызэрыт илъэсым мазэ къэс сом мин 270-рэ хыдолъхьэ Урысей ФССП-м Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр, транспорт, Іэмал имыІэу зыхуеину хьэпшыпхэр зэгъэуІуауэ къэзэрыхуищхум. КъинэмыщІауэ, Управленэм и ЩІалэгъуалэ советым щІэх-щІэхыурэ къызэрегъэпэщ лъы тыныр.

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм Іэрыдгъэхьащ суд унафэкІэ къытраха транспорт 42-рэ.

Ди зауэлІхэмрэ абыхэм я унагъуэмрэ дэІэпыкъуным пытщэу дадолажьэ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондымрэ «ЦІыхубэ фронт «Урысейм и телъхьэу» жыхуиІэмрэ.

**- Фи ІуэхущІапІэр материальнэ-техникэ и лъэныкъуэкІэ, лэжьакІуэхэмкІэ зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща?**

- Управленэм и ІэнатІэхэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ, лэжьакІуэхэри сыт и лъэныкъуэкІи къызэгъэпэщащ.

ЛэжьакІуэхэмкІэ дыкъызэгъэпэщащ процент 98-м щІигъукІэ. Ди ехъулІэныгъэ лъагэр и фІыщІэщ абыхэм яхуэтщІ гулъытэм. Илъэс къэс абыхэм мазэ зыгъэпсэхугъуэр ахъшэ пэкІуэу дыщІагъури хыхьэу, къызэрагъэпэщ я фащэмкІэ. Санаторэ-курорт ІуэхущІапІэхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэну, зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэныгъэ щызрагъэгъуэтыну Іэмал яІэщ.

Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэми хуэдэу социальнэ шэсыпІэхэри хуащІэ. Къапщтэмэ, илъэси 10-кІэ лэжьар хуитщ псэупІэ къищэхун е ихуэн папщІэ зэ тыгъэу социальнэ ахъшэр Іэрыхьэну, илъэс 20-кІэ лэжьа нэужь пенсэм кІуэну. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэри тщыгъупщэркъым. Абыхэм папщІэ идогъэкІуэкІ спорт, щэнхабзэ Іуэхухэр, дыдоІыгъ хэкупсэ, псапащІэ Іуэхухэр. Гульытэ хэха яхудощІ ди лэжьакІуэхэм я сабийхэм конкурс зэхуэмыдэхэр къахуэзгъэпэщыным.

**- Фи ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэм, езыхэм ятелъ щІыхуэм ехьэлІа хъыбар цІыхухэм дэнэ къыщащІэфынур?**

- Урысей ФССП-р зыхуэжь ІуэхущІапІэщ икІи и лэжьыгъэм технологиещІэхэр жыджэру къыщегъэсэбэп. Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр порталым и «Цифровое исполнительное производство» жыхуиІэ и Іыхьэм Іэмал къует лъэІу, тхьэусыхафэ тхылъхэр ебгъэхьыну, щІыхуэ птелъмэ къэпщІэну, апхуэдэуи ар упшыныжыну. КъинэмыщІауэ къэдгъэлъэгъуа псори щызэфІэпхыфынущ Урысей ФССП-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и официальнэ интернет-сайтым.

Мэлажьэ «линэ пщтыр» (телефонкІэ ІуэхутхьэбзэхэР зэфІэзых гуп) жыхуэтІэр. Махуэ къэс плъыр ди лэжьакІуитІ ядоІэпыкъу цІыхухэр зыщІэупщІахэм я жэуап яІэрыхьэнымкІэ. Абы папщІэ захуэбгъазэ хъунущ мы номерхэмкІэ: 8(8662) 42-71-60 е 42-25-69. Аращи, зэрызыкъытхуагъазэ дэтхэнэ Іуэхури гульытэншэ тщІыркъым. Иджырей технологиехэр ІэнатІэм къыщыдогъэсэбэп. Ди гупым я лэжьыгъэр хуэунэтІащ цІыхухэр арэзы щІыу я къалэныр ягъэзэщІэным. Апхуэдэуи Суд приставхэм я Налшык къалэ къудамэм къыщызэгъэпэщащ цІыхухэмрэ ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэхэмрэ щрагъэблагъэ, налшыкдэсхэм я мызакъуэу, республикэм щыпсэухэм зыхуей хъыбархэр щызыІэрагъэхьэфыну егъэблэгъапІэ.

ЦІыхухэр суд приставхэм зэІухауэ епсэлъэн папщІэ ІэмалхэР къызыдогъэпэщ. Апхуэдэу, Управленэм напэкІуэцІхэр щиІэщ Вконтакте, Одноклассники, телеграм мессенджерым.

**- Фи ІэщІагъэм и махуэшхуэм - Суд приставым и махуэм ехьэлІауэ уи лэжьэгъухэм сыткІэ захуэбгъэзэнт?**

- Нобэ дэ дрогушхуэ ди ІэнатІэм щызэтеува хабзэхэмрэ диІэ ехъулІэныгъэхэмрэ. ФІыщІэшхуэ хузощІ дэтхэнэ ди лэжьакІуэми и къалэным жэуаплыныгъэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэм, и къэмылэнджагъэмрэ захуагъэм зэрытетымрэ папщІэ. Ди лэжьыгъэр жылагъуэм мамырыгъэрэ хабзэрэ щытепщэным и шэсыпІэщ. Си фІэщ мэхъу, ипэ итахэм я зэфІэкІышхуэмрэ иджырей щІэблэм я ехъулІэныгъэмрэ и лъабжьэу, Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум къыпэщыт къалэнхэр ди къэралымрэ абы и цІыхухэмрэ я сэбэп хэлъу зэрагъэзэщІэнур.

Сохъуэхъу си лэжьэгъухэм узыншагъэ быдэ, ехъулІэныгъэ, насып, мамырыгъэрэ унагъуэ зэпэщрэ яІэну!

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

# ЦІыхухэр сакъыну къыхураджэ

● Жылагъуэ

**КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ йохъуэхъу дызыпежьэ махуэшхуэмкІэ - ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкІэ - икІи къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкІэ хабзэхэр ягъэзэщІэну:**

- щытыкІэ къызэрымыкІуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкІэ шынагъуэ къэзышэнкІэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;

- автотранспортыр абы хухэха щыпІэхэм деж щывгъэув;

- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщІамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкІуэкІыну мурад зэраІэм, къагъауэ Іэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цІыхухэм зэраІыгъым фыщыгъуазэмэ, щІэпхъаджагъэ лэжьыным пыщІахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфІэрыхьэмэ, хабзэхъумэ ІэнатІэхэмрэ экстреннэ къулыкъущІапІэхэмрэ икІэщІыпІэкІэ хъыбар евгъащІэ;

- хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэмрэ цІыху куэд щызэхуэс Іуэхухэр щекІуэкІкІэ хабзэр къызэгъэпэщынымкІэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащІэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаІэрыхьа псори ятеухуа Іуэхухэр зэфІагъэкІынущ, цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщІэ.

Шэч зыхуащІхэм ятеухуа хъыбарыр КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым къезыгъэщІахэм я цІэ къраІуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фІыщІэ хуащІ зэрызэхащІыкІын папщІэ.

**«Линэ пщтыр» телефонхэр:**

- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыІэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм: 39-99-99 (плъыр часть).

*КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.*

# Илъэсищэ гъуэгуанэр къызэщIикъуэжу

**«Хэтхэ уащыщ?» - жаIэу щIэупщIэмэ, адыгэ цIыхум абы пидзыжынур нахуэщ: къызыдэкIа къуажэмрэ зыщыщ лъэпкъымрэ зэпигъэувэнурэ апхуэдэу зыкъыхуэзыгъэзам жэуап иритыжынущ. Адыгэ цIыхум дежкIэ лъапсэжьыр Iуэхушхуэщ. ЦIыхум и къуэпсыр къыщилъыхъуэжри и адэжьхэм я къекIуэкIыкIа псор щызэфIигъэувэжри абдежщ.**




АДЫГЭ цIыхур дэнэ щIыпIэ къыщыщIимыдзми, къыщыхъуа жылэр, и цIыкIущхьэр щигъэкIуа хьэблэжьыр, и адэжь пщIантIэр игу ихуркъым, ар къэгъэнауэ, абыхэм епха гукъэкIыж IэфIхэм зэщIаIыгъэурэщ гъащIэм хуиIэ гугъапIэхэр зэрызэригъэпэщыр, и хъуэпсапIэхэм зэракIэлъыкIуэр. Сыту жыпIэмэ, къехъулIа псор кърихьэлIэжрэ ар щылъхуа лъахэм зэм-зэм къекIуэлIэжмэ, абы къыщыгуфIыкIынури гуапэу къыIущIэнури и гупсэу къуажэжьырщ, зыхилъхьэ щымыIэ и хьэблэжьырщ. ЖаIэнущ: мыпхуэдэм и быным напэ къытхуихьри къэкIуэжащ. Арыххэуи, быным ифIщ япэ итыр щIэпсэур, япэ итри зыхущIэкъур ащ - лъэужьыфIэ хъунырщ, щIэблэ узыншэ къызэрыщIэхъуэнырщ. Къуажэри хьэблэри зытелажьэр къащIэувэ щIалэгъуалэм я гъуэгур занщIэ зэращIынырт, я гум IэфIу къинэкIэрэ, цIыхугъэрэ адыгагъэрэ яхэлъу дунейм тегъэхьэнырт.

Мыпхуэдэ гупсысэхэращ узыхуагъэушыр иджыблагъэ дунейм къытехьа дэфтэр зэужь гъэщIэгъуэну «Абейкъуажэ икIыу Белоглинскэ кIуахэр» фIэщыгъэр зыгъуэта тхылъым. Абейкъуажэ цIыкIукIэ дэсхэр зэджэ жылэр, пэж дыдэу, цIыкIущ, уеблэмэ апхуэдэ къуажэ щыIэу зымыщIэхэми уарихьэлIэнущ. Апхуэдэу щыт пэтми, къыщыунэхуа махуэм укъыдэбжэмэ, къуажэм илъэси 100 зи кIыхьагъ тхыдэ гъуэгуанэ къызэпичащ, адыгэ дунейр зэрыгушхуэ цIыху щэджащэхэр къыдэкIащ, ущIехъуэпсэн икIи ущIыдэплъеин ехъулIэныгъэхэри зыIэригъэхьащ.

ГъащIэр езыр тхыдалъэщ. Абы ехъумэ блэкIам и щэху куэд, къэптIэщIыжыф къудеймэ, уи къуэпсхэм уаришэлIэжу, узыщымыгъуэза куэд дыдэ къыпхущIигъэщыжу, нэхъыбэжи къэплъыхъуэну ухуигъэпабгъэу. Дунейм къытехьа тхылъыщIэр зи IэдакъэщIэкI ДыщэкI Хъызыррэ Махъсидэ Феликсрэ яхузэфIэкI къагъэнакъым Абейкъуажэ цIыкIум и тхыдэр IупщIу зэрызэфIэбгъэувэжын дэфтэрхэр къызэщIэкъуэным, архив хъумапIэхэм къыхахыжа тхылъымпIэхэр тегъэщIапIэ ящIкIэрэ, апхуэдэ гукъэкIхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэ гуащIафIэхэр къызэщIэIэтэным ехьэлIауэ. Къапщтэмэ, къуажэр къыщыунэхуар дыгъуасэ хуэдэщ, адыгэхэм я жыIэкIэу, лIы ныбжь ирикъуа къудейщ. А далэм къриубыдэу къуажэм къызэринэкIа гъащIэм щымыщ хэплъхьэфыну къыщIэкIынкъым, ауэ щыщIэр ирибгъэкъужын хуеину къыщIэкIынущи, ар мы къыдэкIыгъуэм къалэн зыщещIыж, икIи, жыIэн хуейщ: зэужьыр зэхэзылъхьахэр абы хъарзынэу пэлъэщащ.

Зи цIэр куэдрэ къраIуэу Джылахъстэней щыхьэрибгъум ящыщщ Абейкъуажэр. Хабзэжь щызэрахьэу зы адыгэ къуажэжьщ ар. Къэбэрдей къуажэхэр 1744 гъэм картэм тету япэ дыдэу Чичагов Сергей къыщигъэлъагъуэм, Сунш псыежэхым деж щыс Абейкъуажэри къыхигъэщыгъат. Кавказ зауэм и лъэхъэнэм ар Курп псыежэхым и Iэгъуэблагъэм къоIэпхъуэ. Абдеж куэдрэ зыщиIэжьакъым - къуажэ зэхуэхускIэ зэджэм и лъэхъэнэм, 1865 гъэм, нобэ здэщыс щIыпIэм къотIыс. Абдежи щиухакъым къуажэдэсхэм я Iэпхъуэшэпхъуэным. Унагъуэ 43-рэ хуэдиз абы къыхокIри, Белоглинскэ зыфIаща къуажэр яухуэ. А Iуэхугъуэр къыщыхъуамкIэ зэдауэ мащIэ щыIэщ. Хэти щIыпIэр ягуэшу щIым тур щытращIа 1924 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдобжэ, хэти унагъуэхэр къэIэпхъуэу хьэблэхэр щызэхагъэщхьэхукIа 1925 гъэм и накъыгъэ мазэм тхыдэр къыщыщIедзэ. Тхылъыр зэхэзыгъэувахэм къуажэм и тхыдэр 1925 гъэм къыщрагъажьэ, а Iуэху еплъыкIэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэри тегъэщIапIэу къахь. Сыт хуэдэу щымытми, къуажэр илъэси 100 ирикъуащ, абы хуэфащэ гулъытэр ирагъэгъуэту тхылъ хъарзынэри дунейм къытехьащ.

Илъэси 100-м къриубыдэу къуажэм зиубгъуащ. Абейкъуажэжьым къыдэкIахэр жылэщIэм и купщIэу къанэу, абы иужькIэ къыдэтIысхьащ гъунэгъу жылэхэм къикIа унагъуэхэри. НобэкIэ къуажэм цIыху 521-рэ щопсэу, ахэр унагъуищэм нызэрохьэс. Унагъуэ къэс къежьапIэ яIэщ. БелоглинскэкIэ зэджэ къуажэ цIыкIур щытIысам къыщыщIэбдзэмэ, абы щыпсэу лъэпкъхэм я блэкIам щыщ Iуэхугъуэ куэд фIэкIуэдынкIэ шынагъуэ щыIэщ. Абы къыхэкIыу Абейкъуажэмрэ Белоглинскэмрэ я тхыдэр зэпэIэщIэу къэбгъэлъагъуэ хъуну къыщIэкIынкъым. А Iуэхугъуэр къалъытащ тхылъыр зэхэзыгъэувахэми. Белоглинскэр псэупIэ зыщIа унагъуэхэм я цIэ-унагъуэцIэхэр зэрыт дэфтэрым и мызакъуэу, зэужьым хыхьащ къуажэдэс лъэпкъхэр къызытехъукIыжа я адэжьхэм я цIэхэм ущыхуэзэнкIэ хъуну, 1825, 1862, 1886 гъэхэм зэхагъэува къуажэ къыхэтхыкIыу щхьэпэнухэр. А щIыкIэм тету ДыщэкI Хъызыррэ Махъсидэ Феликсрэ къуажитIым дэсхэр зэрызэрылъхузэрыпIыр къагъэлъэгъуащ, лIэужьхэри зэрапхащ. Абы щIалэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и пщIэр лъагэу еIэт.

Апхуэдэу тхылъым ущрихьэлIэнущ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа нэгъуэщI дэфтэрхэми. Абыхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Тыркум икIыжыну хуейхэм, хьэжыщI кIуэну зызыгъэхьэзырахэм, къуажэм ефэндыуэ дэсахэм я цIэ-унэцIэхэр къызытещхыж дэфтэрхэр. Тхыдэр куууэ зыджынухэмкIэ а тхылъымпIэхэм уасэ яIэкъым.

Зэужьым щIыпIэшхуэ щаубыдащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Абейкъуажэ цIыкIум къыхуихьа гузэвэгъуэр къызыхэщыж дэфтэрхэм. Къыхэгъэщын хуейщ къуажэм щыщу Хэкур зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэну цIыху 44-рэ зэрыдэкIар, абыхэм ящыщу цIыху 27-м я псэр адэжь лъахэр хуит къэщIыжыным зэрыщIатар. Нэгум къыщIэгъэувэгъуейщ зи насып къэкIуэгъуэу, зи унагъуэ щIыгъуэу дэкIа щIалэщIэхэм щIэблэу къащIэхъуэну щытар зыхуэдизыр, гугъэмрэ гуIэмрэ зэхэту быным япэплъэу дунейм ехыжа адэ-анэхэм я бжыгъэр, лэгъунэ нэщIым нэпс мыжакъуэр щIагъэкIыу къыщIина фызабэхэр зэрыхъур... Зауэ бзаджэм къуажэм кърита цIыху хэщIыныгъэр зэрырибгъэкъужын щыIэкъым, ауэ абыхэм я фэеплъыр пхъумэу щIэблэ узыншэ къызэрыпIэтыфынум а дэфтэрхэр я шэсыпIэ йоувэри, уасэ яхуэщIыгъуейщ. КъищынэмыщIауэ, бийр къуажэм къыдыхьэу зэхикъута псэуалъэхэм, цIыхухэмрэ колхозымрэ ярита хэщIыныгъэм я инагъыр къызыхэщыж тхыгъэхэри мымащIэу зэужьым къыщыхьащ.

Щхьэхуэу гулъытэ хэха ягъуэтащ къуажэм дэт IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэзыIэт лэжьакIуэхэм, щIыналъэм и цIэр фIы и лъэныкъуэкIэ зыгъэIуа цIыху цIэрыIуэхэм. Къэхутэныгъэ щхьэхуэ яхуэфащэщ Абейкъуажэ цIыкIум и дахэр Джылахъстэнейм и мызакъуэу, къэралым щызэбгрызыгъэкIхэм ехьэлIа Iуэхум. ДыщэкIымрэ Махъсидэмрэ абы хуэунэтIа лэжьыгъэм и гъунэр иралъауэ жыпIэ хъунущ.

Апхуэдэу къыхэгъэщын хуейщ къуажэм щыпсэу лъэпкъхэм я дамыгъэхэм я сурэтхэр тхылъым зэрихуам абы и фIагъыр къызэриIэтыр. Къуажэдэс щIалэгъуалэр нэхъ гъунэгъуу зэрыцIыхунымкIэ ар Iэмал хъарзынэщ, лъэпкъ щIэжыр къэIэтынымкIи бгъэдыхьэкIэ щIагъуэщ.

Тхылъыр зи къалэмыпэм къыщIэкIа щIалитIым ятеухуауэ псалъитI-щы жытIэныр игъуэу къыдолъытэ. ЛъэпкъкIэ Инарыкъуей къуажэм щыщ ДыщэкI Хъызыр адыгэ тхыдэ щIэныгъэм гуащIафIэу хуэлажьэ, дэфтэр хъумапIэхэр емышыжу къэзытIэщIыж, адыгэ лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIар емытIысэхыу къэзылъыхъуэ икIи зэфIэзыгъэувэж щIалэщ. Джылахъстэней къуажэхэм я блэкIар къэзыгъэлъэгъуэж тхылъ зыбжанэ Хъызыр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Тхылъыр дунейм къытехьэнуи цIыхухэм я деж нэсынуи къыщIэкIынтэкъым, абыкIэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIа Махъсидэ Феликс мыхъуамэ. Щалъхуа Абейкъуажэ цIыкIур зи псэм хэлъ Махъсидэм хузэфIэкIащ IуэхумкIэ акъылэгъу къигъуэту абы и гъуэгур гъащIэм къыхишэн, зи пщIэр мыкIуэдын дэфтэр зэужьри къуажэдэсхэм тыгъэ яхуищIын. ДыщэкI Хъызыррэ Махъсидэ Феликсрэ я гуащIэдэкIыр зы махуэ лэжьыгъэкъым. Архив IуэхущIапIэхэм ущIэсу гупсэхуу напэкIуэцI мин бжыгъэу зэхэлъ дэфтэрхэр къызэбгъэдзэкIын щхьэкIэ шыIэныгъэ ухуейщ. Зи гур лъэпкъым хуэкъабзэ щIалитIыр зыхуагъэувыжа къалэным пэлъэщащи, фIыщIэ яхуэфащэщ. Дэ ди фIэщ мэхъу тхылъыр псыпэхэш зэрыхъунур, гупсысэкIэщIэ, бгъэдыхьэкIэщIэ, Iуэху еплъыкIэщIэ щIэщыгъуэ куэд къызыхэщыж къэхутэныгъэхэр къызэрырикIуэнур. Арыххэуи, тхылъыр гъуэгу махуэ теувэну ди гуапэщ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

● Тхылъыщlэхэр

# ЛIэщIыгъуэхэр зи ныбжь тхыдэ

**БлэкIам ухуеплъэкIыжыфыныр, абы и дерсхэм иджырей гъащIэм яхуэфащэ увыпIэр щебгъэгъуэтыжыныр къызэрымыкIуэу хьэкъышхуэщ. Дыгъуасэрей махуэхэм я пшагъуэм хилъэсэж тхыдэ къэхъукъащIэм я щэхур пэжу зэфIэгъэувэжыныр Iуэхугъуэ зыбжанэм епхащ. Япэрауэ, абы щIэныгъэр егъэкIуатэ, ар дунейпсо тхыдэ гупсысэм и жыпхъэм ирегъэувэ. ЕтIуанэрауэ, сыт хуэдэ тхыдэ къэхутэныгъэми лъэпкъым и щIэжыр къеIэт. Ар тхыдэр зей жылагъуэр къэкIуэну лъэхъэнэхэм лъэ быдэкIэ хэувэным хуэгъэпсащ. ЖыпIэнуращи, зи гуащIэ емыблэж адыгэ тхыдэхутэхэм апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд утыку кърахьащ. ЗымащIэкIи абыхэм япумыдзыхыну гъэщIэгъуэнщ, щIэщыгъуэщ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэщ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыщIэкIа лэжьыгъэшхуэри. Зи гугъу тщIыр «Урысеймрэ Адыгэхэмрэ (V - XXI лIэщIыгъуэхэр)» зи фIэщыгъэ къэхутэныгъэшхуэрщ.**

ДУНЕЙМ къытехьа лэжьыгъэр зи гуащIэдэкIыр адыгэ тхыдэтх, тхакIуэ, гупсысакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбийщ. ЩIэныгъэлIыр хущIэкъуащ тхылъым къыщихьа архив тхыгъэхэмкIэ курыт лIэщIыгъуэхэм къыщегъэжьауэ иужьрей илъэс тIощIырыпщIым къэсыжу адыгэ-урыс зэхущытыкIэхэм зэрызаужьа щIыкIэхэр къигъэлъэгъуэн, тегъэщIапIэ ищI архив дэфтэрхэм и Iуэху еплъыкIэхэр ярихьэлIэурэ тхыдэ къэхъугъэхэр зэпкърихын. ЖыпIэпэнумэ, тхылъыщIэр лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ щIэнгъуазэм и жыпхъэм итщ, дэфтэргъэнахуэ гъэпсыкIи иIэщ.

Тхыдэ щIэнгъуазэр къыдэзыгъэкIа Котляров Виктор къэхутакIуэм и IэдакъэщIэкIым пщIэ хуещI, Iуэхугъуэ Iэджи зэIубз зэрищIыжым къыхэкIыу, мыхьэнэшхуи ирет.

- Урысей пащтыхьыгъуэм и тхыдэм уриплъэжмэ, адыгэ-урыс зэхущытыкIэхэм я къекIуэкIыкIар зэхэгъэкIыныр Iуэху нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ лъандэрэ Урысейми хамэ къэралхэми я тхыдэхутэхэр иужь итщ Бейтыгъуэным къиIэта Iуэхугъуэхэр яджыну, къэхутэныгъэхэр драгъэкIуэкIыну. Жагъуэ зэрыхъунщи, къэралым щекIуэкI политикэ щытыкIэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэ псори зэрамыхьэлIэу, адыгэ жылагъуэмрэ Урысей пащтыхьыгъуэмрэ я зэхущытыкIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэ псори къамылъытэу «пэжыр» къэзытIэщIыжыну хущIэкъуу абыхэм яхэтхэр мащIэкъым. «Урысеймрэ Адыгэхэмрэ» тхылъышхуэр ар зи IэдакъэщIэкIым и къэхутэныгъэхэмрэ архив дэфтэрхэмрэ я зэужьщ, лъэпкъитIым я щыIэныгъэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыIэтэ тхыгъэ шэщIащ. Абы елъытауэ щIэнгъуазэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэщхьэщыхащ. Апхуэдэу тхылъым итщ «Адыгэхэм Урысейм и къэрал икIи жылагъуэ гъащIэм щаубыд увыпIэр», «Тхыдэр», «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ», «БзэщIэныгъэр», «Литературэ щIэныгъэмрэ IуэрыIуатэ щIэныгъэмрэ», «Лъэпкъ литературэр», «Гъуазджэр», «МэкъумэшыщIэ IэнатIэр», «ЩыIэныгъэм и къэгъэшыпIэхэр» фIэщыгъэхэр зиIэ Iыхьэхэр. Шэч зыхэмылъыжыр аращи, апхуэдизыр къызэщIэзыубыда щIэнгъуазэм гъащIэм хуэфащэ увыпIэр щигъуэтынущ, лъэпкъитIым я зэхущытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зиужьынми хуэщхьэпэнущ, - жеIэ Котляровым.




Бейтыгъуэн Сэфарбий утыку кърихьа лэжьыгъэшхуэр яхуэгъэпсащ щIэныгъэм хэтхэм, къэхутакIуэхэми, егъэджакIуэхэми, къулыкъущIэхэми, жылагъуэ лэжьакIуэхэми, курыт еджапIэхэм щылажьэхэми, абыхэм щIэс ныбжьыщIэхэми. Абы курых хуэхъу, псоми къабылу къащтэн хуей бгъэдыхьэкIэ иIэщ: тхыдэр зэрыщымыту пхуэтхынущ, ауэ къекIуэкIам и пэжыр пхущIэуфэнукъым икIи пхузэхъуэкIынукъым. А бгъэдыхьэкIэращ щIэнгъуазэм пэублэ псалъэ хуэзыщIа, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и академик Иуан Петр къыхигъэщри:

- Адыгэ-урысей зэхущытыкIэхэм ятеухуауэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд ди щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIащ. Ауэ иджыри къыздэсым щIэнгъуазэ гъэпсыкIэ иIэу нэсу а Iуэхур къэзыгъэлъэгъуа щыIэкъым. А щхьэхуэныгъэм дэ Iэмал къыдет адыгэхэмрэ Урысеймрэ я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэм нэгъуэщIынэкIэ дыхэплъэну, гъащIэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрызаужьа щIыкIэхэм дыкIэлъыплъыну. ЛъэпкъитIым я зэхущытыкIэхэм утепсэлъыхьыныр къызэрымыкIуэу гугъущ. А гугъуехьыр къызыхэкIыр илъэсищэкIэ екIуэкIа Кавказ зауэм а зэхущытыкIэр ипэ къихуэ лъэхъэнэмрэ иужькIэ къакIуэ лъэхъэнэу зэрызэщхьэщихарщ. Уегупсысыпэмэ, а лъэхъэнитIыр пхузэхьэлIэнкIэ Iэмал иIэкъым, къызэрыпхуэгъэлъэгъуэнури зы псэлъафэщ: «лъагъуныгъэм къыщежьэри лъагъумыхъуныгъэм хуэкIуэжащ». Кавказ зауэм ипэкIэ екIуэкIа лъэхъэнэр лъэпкъитIыр гъунэгъу зэрызэхуэхъуам, урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэм адыгэпщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней щишэм, хэгъэгуитIым я зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьу зэрекIуэкIам теухуамэ, иужькIэ къэкIуа лъэхъэнэм, зы лъэныкъуэкIэ, лъэпкъыу щымыIэжыным и шынагъэр къыщхьэщыхьэу а хэгъэгу дыдэм адыгэхэр кIуэдыпIэ иригъэуват, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, Урысейм и лъэщагъыр гъэбыдэным, и политикэ дунейм пщэдей иIэным и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм адыгэхэри яхэтащ. «Мыращ зэрыщытар» жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым, тхыдэм и пэжыр зэрыщытым хуэдэу къэщтэн хуейщ, абы хэлъ щыщIэныгъэхэр абдеж къыщыгъэнарэ дезыгъэфIакIуэр дгъэIэгъуэу.

Бейтыгъуэн Сэфарбий и лэжьыгъэшхуэмкIэ иджыри зэ къигъэлъэгъуащ къызыхэкIа лъэпкъым хуиIэ гурыщIэ къабзэр зэрыгъунэншэр, къэкIуэну лъэхъэнэм хэувэнухэм и лъэпкъ уардэхэм яхэтыну зэрыщIэхъуэпсыр. ЩыIэныгъэр хужьрэ фIыцIэу зэхэлъу щытамэ, языхэзыр къыхэпхынт, ауэ ар апхуэдизкIэ щхъуэкIэплъыкIэщи, зэрыщытым хуэдэу къыумыщтэмэ, ущигъэуэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Пэжым нэхъ гъуазэ тэрэз бгъуэтынкъым, абы уеузэщI, гува-щIэхами, зыужьыпIэ урегъэувэ. ТхылъыщIэм апхуэдэ къару зэриIэм шэч хэлъкъыми, гъуэгу махуэ теувэну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**




● Зэвгъащlэ

# Къуалэбзухэм я цlэхэр



- ♦**Горихвостки** - БзукIэплъхэр
- ♦**Дрозд** - Бзугъуабжэ
- ♦**Квавка** - Псыхъуэпщагуэ, псыхъуэпщэкIэщI
- ♦**Кеклик** - Къуршджэд
- ♦**Дупель** - Бжьыхьэджэд
- ♦**Дятел** - ЖыгыIуIу
- ♦**Жаворонок лесной южный** - Мэзуэгунэбзу
- ♦**Иволга** - Бжэндэхъугъуэжь
- ♦**Каменка** - БзукIэзэгуэх

● Гъэщlэгъуэнщ

## ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ...

Алыдж астрономхэм къызэрахутамкIэ, вагъуэбэ 48-рэ щыIэщ. Ауэ абыхэм я ужькIэ нэгъуэщI астрономхэм вагъуэбэ 40 къахутащ. Вагъуэбэхэм яхэтщ гъэм и лъэхъэнэ хэхахэм деж фIэкIа уафэм щумылъагъуэхэр. Иджыри къамыхутэфауэ нэгъуэщI вагъуэбэхэри щыIэнкIи хъуну къалъытэ щIэныгъэлIхэм.

* * *

Зи Iэпкълъэпкъыр нэхъ хуабэ дыдэр джэдырщ - градус 43-рэ. Абы кIэлъокIуэ тхьэрыкъуэр, бзу цIыкIухэр - градус 42-рэ. Гуэгушым, къазым, бабыщым, жьындум, къашыргъэм я хуабагъыр зэхуэдизщ - градус 40 - 41-рэ. Iэщ пIащэм, мэлым, хьэм, джэдум - 37 - 39-рэ яIыгъщ. ЦIыхур, номиныр, шыдыр, шыр, пылыр зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым - градус 35 - 38-рэ.

# Къазыл, бабыщыл щIымахуэ шхыну зэрагъэхьэзырыр

МЫ ерыскъыр бжьыхьэм ящIырти, гъатхэр къихьэху яшхыу щытащ.

Къаз е бабыщ гъэкъэбзар Iыхьэ цIыкIуурэ, г 50 - 60 и хьэлъагъыурэ, зэпауд, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шынакъым иралъхьэри, шыгъу хагъэщащэ, зэIащIэри, а шыгъур хыхьэн щхьэкIэ, и щхьэр тепIауэ сыхьэткIэ щIыIапIэм ягъэув. ИтIанэ лы шыуар шыбзэм иралъхьэри ягъэжэпхъ. Былымыщэ гъэвэжа шыуаным иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри къагъэплъ, абы лы шыуар халъхьэри, зэIащIэурэ ныкъуэжьэфI хъуху трагъэт. КъыкIэлъыкIуэу шыбжий сыр хьэжар хакIутэри, зэIащIэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ.

Лы жьар къытрахыж, тIэкIу ягъэупщIыIури, кхъуэщын лъэщIабгъуэм иралъхьэ, зэрагъэжьа дагъэри щIакIэж. Лыр дагъэм щIигъанэу щытын хуейщ. И щхьэр тепIауэ ар щIыIапIэм щагъэув.



Щыхуейм деж зыхуейм хуэдиз къыхахри, шыуанкIэ е тебэкIэ ягъэхуэбэж. ЩагъэхуэбэжкIэ бжьын е кIэртIоф щIалъхьэу ягъэжьэж хъунущ.

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*** къазылу е бабыщылу - грамм 1000, былымыщэ гъэвэжауэ - грамм 500, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● Псэлъафэхэм я мыхьэнэр

# Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыркъым

***КъуанщIэхэм узыхуашэну гущэри псэхэлIэщ, уей, мы блэкъуэлэныкIэ гущэри уи нысэгъущ, уей*** - Вороны тебя к мертвечине приведут, а эта змея с пестрым хвостом - твоя сосношница. ТIури зэхуэдэщ: къуанщIэми, нысэгъу бзаджэми, фIым ухуашэнукъым, жыхуиIэщ.

***Къуэ мыхъумыщIэм адэм хъуэн къыхуехь*** - Дурной сын отцу брань доставляет. Къуэ мыгъасэм и мыхъумыщIагъэхэр къэзылъхуам далъагъури, хущIоджэхэр.

***КъуэфI уиIэмэ, нысэфIи уиIэщ*** - Имеешь хорошего сына - имеешь и хорошую невестку. Къуэ уиIэмэ, гува-щIэхами нысэ бгъуэтынущ. Уи къуэр къыпхуэсакъмэ, уи нысэми илъагъуращ ищIэжынури, пщIэ къыпхуищIынущ.

***Къуэшым я нэхъ жагъуэгъумрэ, щауэгъум я нэхъ щIасэмрэ зэхуэдэщ*** - Самый враждебный из братьев и самый сердечный из друзей равны. Къуэшыр анэкъилъхущи, сыт хуэдэ зэгурымыIуэныгъэ фи яку дэмылъами, сыт хуэдэу къыпхущымытами, уэр папщIэкIэ абы ил узынущ, ныбжьэгъуфIри апхуэдэщ, жыхуиIэщ.

***Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыркъым*** - У достойного рода ни одна доля не пропадает. Лъэпкъыр фIымэ, щIэблэфI къыщIэхъуэнущ, лIэужьыфI иIэнущ, фIым къыхэкIам я нэхъыкIэми зы фIы гуэр хэлъынущ, жыхуиIэщ.

***ЛIы зэрымыс унэр сабауэщ*** - Дом, в котором нет мужчины, пылью покрывается. ЦIыхухъум ищIэ лэжьыгъэ хьэлъэр цIыхубзым хуэгъэкъаруунукъыми, аращ апхуэдэу щIыжаIэр. Унагъуэм хъулъхугъэ имысмэ, езы унэри щIапIэри нэхъ фаджэладжэ мэхъу.

***ЛIыжь зыгъэжьрэ зи бын жьауэ щIэтрэ нэхъыфI щыIэкъым*** - Лучше нет, чем почитающий своих стариков и держащий своих детей под своей сенью. И щхьэгъусэр зыгъэтыншу зыгъэпсэуауэ, и жьы хъугъуэм зи бын щIэгъэкъуэн зыхуэхъужа унэгуащэфIым хужаIэ.

***ЛIыжьым «къэхь» и куэдщи, фызыжьым нэпс и куэдщ*** - У старика много «дай», у старухи много слез. ЛIыр жьы хъуамэ, куэд хуэпщIэн хуей мэхъу, ар нэхъыбэу зи фэ дэкIыр фызыжьырщ.

***ЛIыфI фызыфI хуэщкъым*** - Хорошему мужу на хорошую жену не везет. ЦIыхухъур псэуакIуэрэ и щхьэгъусэр щхьэхынэмэ, жаIэ хабзэщ.

● Псалъэ Iущхэр

# Данэр лъапэкIэ зэрехуэ

- ♦**Мыщхьэх дахащIэщ.**
- ♦**Хуэмыху и Iуэху блэкIыркъым.**
- ♦**Набдзэ ищI фIэщIурэ нэр ирищIащ.**
- ♦**Хыумылъхьэ къыхэпхыжыркъым.**
- ♦**Хъуэжэ лIыщIэ къищтэри, лIыщIакIуэ ежьэжащ.**
- ♦**Iэмбатищэ нэхърэ - зы гъущагъэ.**
- ♦**Гуащэрэ пэт, къаз деху.**
- ♦**Лэгъупыр нэкIэ къегъавэ.**
- ♦**Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсащ.**
- ♦**Данэр лъапэкIэ зэрехуэ.**
- ♦**Щынащхьэ плъагъумэ гъэмахуэщи, Iэтащхьэ плъагъумэ щIымахуэщ.**
- ♦**Iэтэр Iэмбатэ щхьэкIэ мэфыж.**
- ♦**Хьэмтетыгъуэ гъаблэ щыIэкъым.**
- ♦**Джатэрыпщ нэхърэ - пщы Iущабэ.**
- ♦**Жылэм я мыгъуэ я гъуощ.**
- ♦**Уэркъым и жьэ и щIопщщ, ипщ хуэдэр и джатэщ.**
- ♦**Зи вакъэ зэврэ зи гъавэ мащIэрэ.**
- ♦**И дзыгъуэ лъынэ къокI.**
- ♦**Насыпыншэм, махъшэм тесми, хьэ къодзакъэ.**
- ♦**Уаерэ пщаерэ куэд якIуркъым.**
- ♦**Уэрэдус пщыпсэIухщ.**
- ♦**Дыгъужьыр бгъашхэ пэтми, мэзымкIэ маплъэ.**
- ♦**Къигъэ нэхърэ - игъыкI.**
- ♦**ЛIыгъэ щIапIэ лIы икIуадэркъым.**
- ♦**МафIэм сахуэ ещIри, дзэм шхахуэ ищIыркъым.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къалэ-быдапIэ лIыхъужь. **4**. Къыдалъхуауэ, цIыхум и щIыфэм хэс, хэт. **6**. Мэкъу пыпхъуэшхуэ. **8**. Пасэрей хъыбарегъащIэ. **9**. ПшахъуэщI. **13**. Гупыр хуэмейуэ, лейуэ закIэрызыщIэ цIыхум щхьэкIэ жаIэ. **15**. Шатэм е тхъуцIынэ гъэвэжам и дагъэ. **16**. Пхъэм къыхабзыкIа кумбыгъэ, шынакъжьейм ещхьу. **20**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **21**. Нартхэм я нықъуэкъуэгъу лъэпкъ. **22**. Зи тхьэмпэхэр гъэмахуи щIымахуи щхъуантIэ жыг.

***Къехыу:*** **1**. Нэчыхьытх Iэнэм къытралъхьэ нэхъыжь Iыхьэ. **2**. Егъэлеяуэ цIыху ткIий, гущIэгъуншэ. **3**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **5**. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ? **7**. ЩIакхъуэм и фэ тежьыкIар. **10**. ГъущIхэкIым пыщIа IэщIагъэ. **11**. Язынықъуэ джэдкъазхэм, къуалэбзум я щхьэщыгум къыхокI. **12** ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **14**. ... зыхэвэ нэхърэ - бжэн зыхэпкIэ. **15**. Псыежэх, район, къалэ. **17**. Бжейм къыпыкIэ жылэ. ЦIыхум яшх. **18**. ... зытеха къэбыр нэхъ IэфI мэхъу. **19**. Иужь лъэхъэнэм Испанием щыпсэуа адыгэ художник Iэзэ.

*Зэхэзылъхьар*
**СОЩТ СулътIанщ**.

***Жэпуэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Мэзрэ. **3**. Гъашхи. **6**. ВыфIитI. **8**. Унэщи. **11**. ЩIэпытхъщ. **16**. Бзыхьэхуэ. **21**. Къуэгъурэ. **23**. Джэдур. **25**. ЩыгукIэ. **26**. Махуищ.

***Къехыу:*** **1**. Мывэр. **2**. ЗыфI. **4**. Шхуэ. **5**. ИрищIщ. **7**. Ипэ. **9**. Нэхъ. **10**. Жьы. **11**. ЩIыб. **12**. Псы. **13**. Тхьэ. **14**. Щхьэ. **15**. Ныкъуэщ. **17**. Зыр. **18**. Хьэ. **19**. ХущIэ. **20**. Шэрхъщ. **22**. Гъуэгу. **24**. Деху.

# Бекъул Миланэ и зэфIэкIыр

● Тхэквондо




**Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) и спортсменхэм урысейпсо, дунейпсо утыкушхуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщагъэлъагъуэ зэпытщ. Абы и щыхьэтщ Китай жыжьэм и Уси къалэм къикIыу иджыблагъэ къытIэрыхьа хъыбар гуапэри. Мы махуэхэм абы щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым и дыжьын медалыр, ди республикэм щыпсэу, къихьащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Бекъул Миланэ.**

УФ-м и командэ къыхэхам хэту чемпионатым зэIущIитху щригъэкIуэкIат адыгэ пщащэми, плIым щытекIуащ. Килограмм 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щызауэ Миланэ финалым нэсын папщIэ и гъуэгум щытригъэкIуэтащ Корее Ипщэм, Таиландым, Мароккэм, Китайм я спортсмен лъэщхэр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, кIэух зэхьэзэхуэм ар щыпэлъэщакъым европей чемпионатым и дыжьын медалыр къэзыхьа, Тыркум икIа Гёгебакан Эмине. И Iэзагъэм и мызакъуэу, ар икIи фIыуэ нэхъ щхьэпэлъагэт ди хъыджэбзым нэхърэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Бекъул Миланэ Урысей Федерацэм щэнейрэ и чемпион хъуащ, дунейпсо, европей, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуащ, УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир и гъэсэнщ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**



# Пэрытхэм я зэпеуэ

**Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием футбол цIыкIумкIэ республикэ зэхьэзэхуэ мы гъэм етIуанэу щекIуэкIащ. «Бутса Первых» зыфIаща а зэпеуэр къызэригъэпэщащ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенырэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, СпортымкIэ и министерствэхэмрэ КъБР-м ФутболымкIэ и федерацэмрэ къыдэIэпыкъуу.**

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм хэтащ республикэм и курыт еджапIэхэмрэ колледжхэмрэ я командэ 200-м нэблагъэ. ЯпэщIыкIэ ахэр щызэпеуащ къалэ, район зэхьэзэхуэхэм икIи абыхэм щытекIуахэр финалым икIащ, нэхъ лъэщыр республикэ зэхьэзэхуэм адэкIэ щызэхагъэкIыну.

- Футболым спорт лIэужьыгъуэхэм я деж бжьыпэр щиIыгъщ, - жиIащ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенырэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и уна-фэщI Шыпш Аслъэн. - Абы къыдэкIуэу, футболыр философие псо мэхъу, цIыху мелуанхэр, уеблэмэ мелардхэр къызэщIиубыдэу. Абы сабийхэм гъэсэныгъэрэ хьэлщэнрэ яхелъхьэ, ахэр зэкъуегъэувэ, гуп хэтыкIэм хуегъасэ.

Къыхэдгъэщынщи, мы гъэм зэхьэзэхуэм нэхъри зрагъэубгъуащ: цIыху бжыгъэу минитIым нэблагъэ абы зэрыхэтам и мызакъуэу, нэхъ лъэщхэр гупитIым щызэхагъэкIащ - илъэс 12 - 13 хъухэмрэ илъэс 14 - 17 зи ныбжьхэмрэ я деж.

Нэхъыщlэхэм ирагъэкlуэкlа кlэух зэlущlэм командищ щызэпеуащ. Ахэр Нарткъалэ и лицей №1-м, Прохладнэ къалэм и «Молния», Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №8-м я топджэгу гупхэрщ. Япэ увыпIэр прохладнэдэсхэм къахьащ.

Прохладнэ къалэм и администрацэм и тхьэмадэ Кожухов Кирилл фIыщIэ яхуищIащ курыт еджапIэ №5-м и унафэщIхэмрэ тренерхэмрэ, абыхэм я гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэм папщIэ.

«Топджэгу ныбжьыщIэхэм яжесIэну сыхуейщ: Прохладнэ къалэ администрацэм хабзэ къыщокIуэкI - сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ ирехъуи, абы щытекIуахэр зыхуэпабгъэхэр яхуэдгъэзащIэуи, нобэ дыхьэзырщ фэри фи хъуэпсапIэхэм фылъэдгъэIэсыну. Апхуэдэуи, сыхуейщ нобэрей фи текIуэныгъэм ехъулIэныгъэ нэхъ иныжхэр адэкIи кърикIуэну», - къыхигъэщащ Кожуховым.

Нэхъыжьыlуэхэм ирагъэкlуэкlа кlэух зэхьэзэхуэм щызэхуэзащ япэ увыпIэр нэгъабэ къэзыхьа, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Сэрмакъ къуажэм и «Союз»-мрэ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №33-мрэ я топджэгухэр. Мыбдежым, бжыгъэр 3:1-уэ налшыкдэсхэм зэIущIэр яхьащ.

«Фи зэманыр лейуэ фымыгъакIуэ, зывгъасэ, феджэ, абы щхьэкIэ фызыхуеину хъуар щыIэщ, егъэджакIуэхэр, тренерхэр къывдэIэпыкъуну, гъуэгу захуэм фытрагъэувэну хъэзырщ», - жиIащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, къыхэжаныкIахэр щагъэпажэм щыгъуэ.

Абы нэмыщI, зэхьэзэхуэхэм хэта гупитIым я гъуащхьэтетхэмрэ гъуащхьауэхэмрэ я нэхъыфIхэр къыхахащ. НэхъыщIэхэм я деж гъуащхьэтет нэхъыфIу къыщалъытащ Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №8-м и командэм щыщ Хьэжьырокъуэ Къаплъэн, гъуащхьауэ нэхъыфIыр прохладнэдэсхэм я «Молния»-м щыщ топджэгу Погромский Кириллщ.

Нэхъыжьхэм я деж гъуащхьэтет нэхъыфIу къыщалъытащ Налшык и курыт еджапIэ №33-м и топджэгу Гергоков Дамир, гъуащхьауэ нэхъыфIыр Сэрмакъым и «Союз»-м хэт Къардэн Азэмэтщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# БищIомрэ Мамиймрэ я дыщэ медалхэр



Мамий Атмир сэмэгумкIэ етIуанэщ.

**Европэм и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ Словением и Краньскэ-Горэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ: Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы щыбэна БищIо Атхъанрэ Мамий Атмиррэ дыщэ медалхэр къахьащ.**

КИЛОГРАММ 73-рэ зи хьэлъагъхэм я деж БищIо Атхъан финалым щыхигъэщIащ Хорватием и дзюдоист Хавранек Иржи. Килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж Мамий Атмир щынэхъ лъэщащ. КIэух зэхьэзэхуэр ди щIалэм къыфIихьащ Литвам и бэнакIуэ Бабайченкэ Таус.

Ди дзюдоистхэм я тренерхэр Махуэ Олегрэ Куп Эдуардрэщ.

Словением иджы щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 30-м я спортсмен 400-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 18-м щIимыгъуауэ.

УФ-м и командэм псори зэхэту абы дыщэ медалу 6 къыщихьащ икIи гуп зэпеуэм япэ щыхъуащ.



БищIо Атхъан сэмэгумкIэ етIуанэщ.

# Ди бэнакIуэхэр нэхъ лъэщщ

**Тюмень къалэм и «Тюмень-дзюдо» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысей Федерацэм дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 76-м я спортсмен 787-рэ, я ныбжькIэ илъэс 18-м щIимыгъуауэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм зэхьэзэхуэм зэфIэкIыфIхэр къыщагъэлъэгъуащ икIи медаль зэхуэмыдэу 5 къыщахьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Джэданэ Амырхъан (кг 46-рэ), Унэж Темырлан (кг 55-рэ), Хъуран Къантемыр (кг 66-рэ) сымэ. Бийболэт Даниял (кг 81-рэ) дыжьын медалым деж къыщыувыIащ, Щад Дилианэ (кг 70) домбеякъыр къихьащ.

ЩIалэхэм я зэпеуэм медаль бжыгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм етIуанэ увыпIэр къахьащ, Мэзкуу областым щыщхэм яужькIэ, ещанэр Краснодар крайм икIахэрщ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Дзу Беслъэн, Джэданэ Залым, Ким Руслан сымэ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**




Джэданэ Амырхъан сэмэгумкIэ етIуанэщ.

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.293 Заказыр №2363

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кътахэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А